Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№141-142 (21.800) ● 2010 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 31, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Лъакъуэдыгъу Р. А. «Къбэрдей-Балькъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» щIэ льапIэр фIощыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Физкультурэмрэ спортымрэ я IэнатIэм щиIэ фIыщIэм папщIэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» щIэ льапIэр фIощын **Лъакъуэдыкъу Рамзес Арсен и къуэм** - бодибилдингымкIэ 2010 гъэм и дунейпсо чемпионым

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м
№74-УП

Бжьыхьэ къакIуэ хьэзыр хъунущ Темыркъан Юрий и унэр

Темыркъан Юрийрэ Къаночъуэ Арсенрэ я псалъэмакъ гъэщIэгъуэн.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент Къаночъуэ Арсен КъБР-м и Правительствэм и Унэм щы-хуэзащ Санкт-Петербург и филармонием и художественнэ унафэщI, абы и симфоние оркестрым и дирижер нэхъыщхьэ Темыркъан Юрий.

ЗэIущIэм щэнхабзэм ехьэлIауэ республикэм щагъэзащIэну проектхэм щытепсэльыхьащ, хьыбарыщIэхэр зэхуэдгъэкIуэ. ЗэIущIэм къуирихьэлIащ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал филармонием и симфоние оркестрым и дирижер нэхъыщхьэ Темыркъан Борис, республикэм и Профсоюзхэм я федерацэм и тхьэмадэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщI Тау Пщыкъан сымэ.

ЗэIущIэм и ужькIэ КъБР-м и IэтащхьэмрэI музыкант щIэрыуэмрэ, журналистхэр зыщIэупщIахэм жэуапхэр иратащ.

Налшык къыщIэкIуэжкам и щхьэусыгъуэм и гугъу щищым, Темыркъан Юрий жиIащ и ныбжьыр илъэс пщыкIущым иту республикэм зэрикIар, ауэ и IыхьлыхэР мыбы зэрыщыпсэум кьыхэкIыу IэмалкIэ лъагъунылъагъу кьыхэзыкIуэжыр. «Сэ сыщалъхуар мыращ, си псэри мыбы щыIэщ, - кьыхигъэщащ абы.

Псалъэмакъым кьыхэщащ КъБР-м и Президентым и жэрдэмкIэ Налшык и Долинск щыналъэм Темыркъан Юрий и унэ-музей зэрыщащынур. Абы дунэй псом щыцIэрыIуэ дирижерым и наградэ бжьыгъэнщIэхэр, сурэтхэр, тхылъхэр, хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр щагъэльэгъуэнущ. Президентым жиIащ а проектыр зэрагъэзащIэм езыр и щхьэкIэ зэрыкIэльыплъыну: «Юрий дэрэ ухуэныгъэр щрагъэкIуэкIыну щыпIэр кьыхэтхыу проектымкIэ дыгъуэгурыIуэ нэужь, бжьыхьэ кьакIуэ ирихьэлIэу унэр щIын дыуахынущ. Ар республикэм и дежкIэ щIыхьыншхуэщ.

- Пэжыр жыпIэмэ, сэ мы Iуэхум тIэкIу сытоукIытыхь. СыкъэкIуэжауэ сымыщIэхэ-хэу сльэгъуащ унэ-музей зэрырсхуащIыр къэзыгъэльагъуэ тхыгъэр. Къаночъуэ Арсен сыкуэзэмэ, жеIэну сигу ильащ мы Iуэхур сигу зэрырымыхьыщIэр, си дежкIэ тIэкIу егъэлеяуэ кьызэрысщыкIуэр. АтIэми, сэ зэкIэ сыпсэуущ, адэкIэ сыпсэуну согугъэ, - кьыпыгуфыкIащ хьэщIэр.

- Дэ ди мурадар уэрэкIуэлIэжьи унэ пхуэтщIыну арат. ЩIэ-щIэ хьыуэ укьыщыжьуэжкIэ, уи льапIэ уиIэм хуейщ. ИужькIэ, лIэщIыгъуэ ныкъуэ жэдиз дэкIмэ, ар музей ящIынрэ ямыщIынрэ ЖылагъуэмкIи къыгъэльэгъэнущ.

- Ар Iуэху гурыхьщ. Республикэм си къуэшри си щIыпхъури исщ икIи абыхэм я льапсэхэр сэри си льапсэщ, Ауэ сэ сысейуэ екIуэлIапIэ иджыпсту сиIэкъым, япэкIи сиIакъым. Апхуэдэу щыт пэтми, сэ мы Iуэхум тIэкIу сегъэхьыгъэ. Пэжщ, апхуэдэ гулыытэр икъуэIэ гуапэщ. Апх уэдэу щыщыткIэ, деплъынщ зэманым кьрикIуэм.

Ди лъахэгъу цIэрыIуэм и жьауэм щIэту классикэ музыкэм и фестиваль е конкурс - псалъэм папщIэ, Санкт-Петербург щрагъэкIуэкI «ГъуэздЖ экзм я утфестивалым хуэдэ - республикэм кьащIэзгъэпсэщыным теухуауэ журналистхэм ящыщ зым кьыхилъхьар Темыркъан Юрий игу ирихьащ. Ауэ, ар зэрепльымкIэ, мы Iуэхум теухуауэ жэрдэмыр республикэм и власт-хэм кьабгъэдэкIыпхъэщ: «Иджыблагъэ ТеатрШхьантIэм сыщыIати, абы ирапIэжьэкIэхэр хуабжьу сигу ирихьащ. Театрхэм я унэри ухуэныгъэ хьэлэмэтщ - и щыбкIэ ущеплькIэ, зэхуэдэу кьыпщохъу. Президентымрэ сэрэ дытепсэлыхьащ щэнхабзэм ехьэлIауэ республикэм щызэфIагъэкIыну я и уарадхэм. КьызэрысфIэщыпкIэ, мы унэр щIын яуха нэужь, тэмэму апхуэдэ фестиваль щебгъэкIуэкI хьунущ. Пэжщ, зэкIэ зэманыр тынш дыдэкъым, экономикэри екьэжьауэ я пщыкъым, ауэ адэкIэ псори зэпэщ хьужа нэужь, фестивалри тхуеIэну сигу ильащ мы Iуэхур сигу зэрырымыхьыщIэр, си дежкIэ тIэкIу егъэлеяуэ кьызэрысщыкIуэр.

Терроризмэм и Iуэхумрэ абы ебэныныжкIэ хэкIхэмрэ я ятеуэхуэ упщIэм Темыркъан Юрий мыпхуэдэ жэуап кьритащ: «ЩIыхь иукIыну тегушхуэ дэтхэнэ зыри егупсысын хуейщ езым и анэм, и адэм апхуэдэ дыдэу лей кьатехьэнкIэ зэрыхъунур, езым Iэщэ зэтригъэпсам и Iыхьлыхэмэ апхуэдэ щIэпхъаджагъэр кьызэрыхуамыгъэгъунур. Дэтхэнэ щIыху тэмэмым дежкIи терроризмэр иклагъащ, нэмысыншагъэщ. Политикэ мурадхэр тегъэщIапэ ящIыурэ, абыхэм кIыфIыгъэм дыхашэжыну я мураду кьыщохъу. Террористхэм пхьашэу, цыхьыбрабгъу имыIэу яп эщIэтын хуейщ, сыту жыпIэмэ, абыхэм цыхуэр ягъэшынэну хэтщ, икIи апхуэдэхэм щепсальэкIэ, къэралыр демократием и мардэхэм тетыну зэрыхуцIэкъур щыуагъэщ.

Къэбэрдей-Балькъэрым и къуажэхэм зэчиишхуэ зыбгъэдэль сабийуэ щыпсэухэм папщIэ музыкэмкIэ интернат кьызэгъэпсыжынымкIи икIи ахэр тэмэму мы гъуэзджэм хуегъэджэным теухуа упщIэм республикэм и унафэщIым нэхъ нэгъэсауэ жэуап кьритыфыну Темыркъан Юрий кьилъытащ икIи а Iуэхур зэрытэмэкIыр, ауэ пэщIэу зэрыпхудэмыгъэкIынур кьыщIигъужащ. «Мы Iуэхур Темыркъаным тэмэму и кьыщIэпытакIэ» абы КъБР-м и Правительствэр тригъэпсэльыхьыну икIи зэрыдэкIыну Iэмалхэр кьихутэну Президентым кьызэхуэсахэр кьигъэгугащ.

ХЬЭГАРЭ Джамилэ.

КъыдэкIыгъуэ зэхэт №82

Къалэн нэхъыщхьэхэм яхыдобжэ

Дунейм и щIыпIэ куэдым щикъуэкIащ ди лъэпкъэгъуэр. Язныкъуэ щIыналъэхэм ахэр щыхэпсыхьыжьынкIэ щынагъуэ къыкъуэкIащ, езыхэм пльапIэуи хъуэпсапIэуи яIэ Кавказым зэрыпэIэщIэм кьыхэкIыу. Мис араш мухьэжьырхэм къагъэзэжьыным и Iуэхур адыгэхэм, абы и щыIэныгъэм я дежкIэ нэхъ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэхэм ящыщ щIэхъуар.

Хьэфыцэ Мухьэмэд

Э ТЫРКУМ Сириемрэ, Израилымрэ, Иорданымрэ, США-м, Франджым, Германиемрэ сигу хьыхьэу сыщедэIуащ ди анэдэлъхубзэм, адыгэ уэрэдхэм, сыщеплъащ ди лъэпкъ къафэ телъыджэхэм. Хэхэс адыгэхэм ящыгъупщэжакъым ди дауэдапщэхэр, щэнхабзэр, шхыныгъуэхэр.

Апхуэдэу яхузэфIэкIащ къызэрыхута хэкухэм щыпсэуухэм зыхагъэзэгъэн, зыдрагъэкIун. Абыхэм яхэтщ парламентым и депутатхэр, Iьагэу дэкIуея дзэзешэхэр, министрхэр. Ди лъэпкъэгъуэм куэд зэфIагъэкI щыпсэу къэралхэм щIэныгъэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм зыщагъэжьи и IэныкъуэкIи.

Зэрытлъагъущи, я Iуэху Iей хуэдэкъым. Ауэ ар зэ елъытыгъуэкIащ, Зи бзэм и къэкIуэным лъэпкъышхуэхэри щытегущэвыхь мы зэманым дунейм щикъухьа адыгэхэр зэрыгъэубыдыжьын кьалэн мытыншыр ди дежкIэ нэхъыщхьэу къоув.

Езы мухьэжьырхэми я псэм хэлъщ я адэжь лъахэр. Абыхэм я нэхъыбэр щIохъуэпс зэ нэхъ мыхъуми Кавказыр зрагъэльагъуным.

Мис мыбдеж хъыщожьэ къэIэпхъуэжьыпэным теухуа гупсысэри. Ар IуэхугъуэщIакъым. БлэкIа лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэм къежьа демократие зэхъуэкIыныгъэхэм я фIыгъэкIэ, адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм зэдэлажьэу щIадзащ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм кьызэрилъытэмкIэ, абыхэм зэфIагъэкIахэм ящыщу нэхъ мыхьэнэ зиIэщ адыгэхэр лъэпкъыу хамэ щIыналъэхэм зэрыщымыпсэуфынур кьызэрыгурыIуар. Ахэр адыгэу кьыщыззэтенэнур я адэжь щIыналъэрщ.

(КIэухыр 3-нэ нап.).

ФIыщIэ жыг зырыз яхуохэфсэ

***Псом япрауэ, фIыщIэшхуэ яхуэсщIыну сыхуейщ адэжь хэкум къэзыгъэзэжа адыгэхэм ильэсым зы махуэ гъэнжуа ахуэхэныр гукъэкI зышIу, абыкIэ унафэ къэзыщтахэм. А Iуэхум хэлъфIыхьа псомри лъэпкъым кьыбгъэдэкIыу фIыщIэ жыг зырыз ахуэфащэщ.**

МЫ МАХУЭШХУЭР кьыызыгепщIыкIам, 1999 гъэм шыщхьэIу мазэм и 1-м, адыгэхэм я мызакъуэу, Урысей псом и дежкIи мыхьэнэшхуэ иIэщ. Я бзэр ящымыгъупщэжауэ, я адэжь лъахэр я гум зэи имыхуауэ Косовэ щыпсэу адыгэхэр гуэвэгъуэшхуэ щихуэм, Урысей кьэралыгъуэр дэIэпыкъуэгъу хьури, ахэр я хэкужым кьаШэжащ. Мейкъуапэ и гъунэгъуу щIы щыхупачри ягъэтIысыжащ икIи я жылэм Махуэхьэблэ фIащащ. Пэжщ, Дунейпсо Адыгэ Хасэри Адыгэ Республикэм и унафэщIхэри Iуэхум хэлэжьыхьащ, ауэ Урысей Федерацэм и премьер-министру а лъэхъэнэм щыта Кириенкэ Сергей Iуэхур ипэкIэ зыгъэкIуэтэн тхьилъхэм Iэ щимыдзатэмэ, а махуэр нобэ тхуэгъэтхьэпIэнутэкъым. Косовэ щыпсэуа адыгэхэр арнэутхэм (албанхэм) дакьуэу щыщIадзэм, пщIэрэ щIыхьрэ яIэу Урысей къэралыгъуэм къригъэблэгъэжащ. Уеблэмэ я хьэпшыпхэри, тракторхэр нэгъуэнэ яхэту, мафIэгукIэ къаргъэшэжат. Абы къеГэлъагъуэ XIX лIэщIыгъуэм адыгэхэр щхьэхуимыту хамэщI зыгъэIэпхьауэ щыта Урысейм нобэрей къэралыгъуэр зыкIи зэремыщхьащ. Косовэ адыгэхэм кьаэрыщхьэщыжам гугъэ дегъэщI хамэщI щыпсэу адрей ди лъэпкъэгъуэхэми лей кьатехьэ хьумэ, Урысей Федерацэр абыхэми я теГъхьэу кьэувыну.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, мы махуэшхуэр ильэс кьэс дгъэлъапIэми, Урысеймрэ и унафэщIхэм хамэщI щыпсэу адыгэхэм кьуахуащIа гулъытэр зыкIи кьэдгъэсэбэпакъым. Абыкъ зы цыхуэ хэхуэу дгъэмысэркъым икIи зыми губгъэн хуэтщIыркъым. Ауэ абы и лъэныкъуэкIэ гу зылъытапхъэ зы Iуэ хуГъуэ и гугъу дымыщIмэ, адэкIэ дызытепсэльыхьынур гурыIуэгъуэ хъунукъым.

(КIэухыр 5-нэ нап.)

Къуажэхэр ес

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий Правительствэм кьалэн щищIащ хуабэм и зэранкIэ къэралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьыщыхьу мафIэхэр гъэнкIыфIынымрэ нэхъ кьаруушхуэ ирихьэлIэну.

ЩытыкIэр хуабжьу щыгугъущ Воронеж, Новгород Ищхъэрэ областхэм. Воронеж областым и къуажитI, Новгород областым и къуажитху мафIэм исащ. ЦIыху зыбжанэ хэкIуэдащ.

Къалэкум къыщоуэ

Дагыстэным и къалащхьэ Мэхьачкъалэ и кум лагъым кьыщагъуэщ.

Ар зыкIуэщIыщыхьам зэрымыщIэкIэ теуха цIыхубзым и лъакъуэхэм фэбжь яГъуэтащ. Езы лагъымым къаруушхуэ иIэтэкъым.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 31, щэбэт

♦ Илъэс 40 и пэкIэ (1970) Орел областым и Болхов, Мценск къалэхэр тхыдэ мыхьэнэшхуэ зиIэхэм хагъэхьащ.

Шыщхьэ1ум и 1, тхьэмахуэ

♦ **Швейцар Конфедерацэм и лъэпкъ туфIагъэуэщ.** Конфедерацэр къыщызэрагъэпэща махуэщ (1291).

Шыщхьэ1ум и 2, *блыщхьэ*

♦ **Хъуэ-десантыдзэхэм я махуэщ** (2006).

ПIалъэр зыхьхьэзырар **ИЦАТ Мухьэмэд.**

Къуажэм и къалащхьэ

Къаруушхуэ нэхърэ - акъылышхуэ.

Иджы Абхъазым макIуэ

Абхъазым и Сурэтыщ1эхэм я зэгуэхэныгъэм и лIыкIуэхэр ди республикэм зэрыщыIэрэ куэдщIакъым. Иджы абыхэм Iуэхуфи1э япэджэжу дыдеIэри Апсным макIуэ. Ахэр хэтынущ ешанэ Дунейпсо зэпеуэ-фестивалым кьыщыхьаха сурэт нэхъыфIэр щыщхьэIум и 4-м щагъэльэгъуэну зэIущIэм.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балькъэрым и лIыкIуэхэм Сыхъум здашэнущ с у рэтыщI-модельер Пажь Альбинэ и «Хъумыдэ и щхуэхэр» лэжьыгъэхэм щыщ лъэпкъ фащитIэ и Iэдакъэщ1ж зы сурэтрэ.

КъБР-м и Сурэтыщ1э эм я зэгуэхэныгъэм и унафэщI Темыркъан Геннадийрэ сурэтыщI-модельер Пажь Альбинэ и Фондым и унафэщI Тлажь Борисрэ гуфIэгъуэ щытыкIэм иту ныбжьыщIэхэр ягъэтэжнущ: фэеплъ тыгъэхэр хуащIынущ, дипломхэр иратынущ.

ТЕКIУЖЬ Заре тэ.

Iуащхьэмахуэ

ТIЭШ Хьэмид

Iуащхьэмахуэу уэсу телъым
Жэщи махуи нэпсыр щIож.
Щым и бынхэр щикъухьащи,
Магъыр ар, имыщIэу еш.

Адэжь Хэкум нобэ исыр
Ди нэ-ди псэу фыдольагъу.
Димыягъэу, димылажьэу
ДыфпэIэщIэщ - къытхуэвгъэгъу.

Iуащхьэмахуэ дымылъагъуми,
Я нэхъ дахэу щIэтщ ди нэгу.
Хамэ щIыпIэ дыщыпсэуми,
Дрогушхуэ - ар ди хэкущ.

Ди анэ дахэу ди Хэкужь,
Ди нэжьыжьхэр димыIэж.

Хамэ щIыпIэм дыкъыумынэу,
Дурибынкъэ - дынэшэж.

Сыт ди лажьэр, ди Хэкужьыр
Дымылъагъуурэ долIэж.
Ди адэр лами, ди анэр псэукъэ?!
ЦIыкIуи ини дывгъэкIуэж.

Ди адэр лами, ди анэр псэукъэ?!
ЦIыкIуи ини дывгъэкIуэж.

Лъакъуэдыгъу Рамзес и пшыхь

Дифl догъэлъапIэ

Лэскэн районым хыхьэ Хьэтуей къуажэм дыгъуэгъэ щагъэлъэпIащ. 2010 гъэм бодибилдингымкIэ дунейпсо чемпион хъуа, спортымкIэ дунейпсо класс зиIэ мастер Лъакъуэдыгъу Рамзес.

ЗЭIУЩIЭ гуапэм хэтащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыцэ Мухьэмэд,** КъБР-м спортым и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Къуэдзокъуэ Анатолэ,** Лэскэн район администрацэм и унафэщI **Мэкъуауэ Арсен,** абы и къуэдзэ **Бажэ Дотий,** Лэскэн РОВД-м и Iэтащхьэ **Абазэ Мухьэмэд,** куей администрацэм спортымкIэ и къудамэм и унафэщI **Щхьэгуэш Мухьэмэд,** Хьэтуей къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ **Щхьэгуэш Ануарбий,** Лъакъуэдыгъуэ я лъэпкъыр, жылэм дэс нэхъыжьыфIхэр, щIалэгъуалэр.

Къызэхуэсахэм кьыхагъэщащ дуней псом адыгэм и цIэр иджыри зэфIыкIэ щызыгъэIуа щIалэм и зэфIэкIым зэрыригушхуэр икIи ехъулIэныгъэщIэхэр иIэну ехъуэхуащ. Район унафэщIхэм, жылэдэсхэм, къызыхэкIа лъэпкъым кьабгъэдэкIыу Рамзес саугъэт зэхуэмыдэхэр ираташ. Апхуэдэуи абдеж щыжаIащ КъБР-м и Президентым тыгъэ лъапIэ (автомобиль) чемпионым зэрыхуищIынур.

ЦХЪЭЩЭМЫЩI Изэ.

Абы дегъэпIейтей

БзаджащIэхэм къащIэкIуэнукъым

КъБР-м и Президент Къаночъуэ Арсен бадзэуэгъуэм и 29-м Бахьсэн къалэм щалуащIащ куейм и Нэхъыжьхэм я советхэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм, жылагъуэ, дин зэгуэхэныгъэхэм я унафэщIхэмрэ IуэхущапIэхэм я лIыкIуэхэмрэ.

АБы ЩЫТЕПСЭЛЪЫХЬАЩ иужьрей зэманым ди цIыхухэр хуабжьу зыгъэпIейтей къэхъукъащIэм - республикэм и щIыналъэм щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэр зэуIуу зэрыщалэжьым. Президентым къыхилъхьэри, зэхьыхьэм щызэпкърахащ аэр кьыузыхэкIыу къыпытэу щхьэкIэзыхьэхэм я мурад бзаджэр кьызэпыудыным хуэунэтIауэ лэжьыпхъэхэмрэ.

ЗэIущIэм кьрикIуам теухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

АРУАН Алий.

Банк Iуэхухэр

ЗэгурыIуэныгъэ зэращIылIэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэмрэ Урысей Федерацэм и Акционер коммерц Хьуманпи банкымрэ лъэныкъуэкIэ зэрызэдлажьэнум теухуа ЗэгурыIуэныгъэ дыгъуасэ зэращIылIащ.

КъБР-м и Правительствэм и Унэм абы Iэ щыщIадзащ республикэм и Президент **Къаночъуэ Арсенрэ** УФ-м и ХьуманIэ банкым и Кавказ Ищхъэрэ банкым и унафэщI **Гаврилов Викторрэ.** Тхылъхэр зэIэпаха нэужь, Къэбэрдей-Балькъэрым и Iэтащхьэмрэ хьэщIэмрэ журналистхэм я упщIэхэм жэуап иратащ. ЗэгурыIуэныгъэм щыгъэбелджылэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм къытеувыIащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

КъБР

СЭБАНШЫ Назми:

ТхузэфIэкIымкIэ сыт щыгъуи дадэIэпыкъунущ

Тыркум къикIыжу илъэс 20 и пэкIэ хэкужьыр псэупIэ зыхуэхъужа Сэбаншы Назми теухуа тхыгъэ мызэ-мытIэу тетащ ди «Адыгэ псалъэ» газетым. Хьэрычэтыщ Iуэхум ди щIыналъэм зэрызыщригъэужьымкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къакIуэ е щыпсэуну къэкIуэжыпэ хэхэс адыгэхэм Iуэху зэхуэмыдэхэмкIэ зэрадэIэпыкъуэмкIэ куэдым къацIыху Назми.

- ШЫЩХЬЭIУМ и 1-р Хэкум къэзыгъэзэжам и къэралыгъуэ махуэу Адыгэ Республикэм щагъэуващи, ар гукъэкI зыщIахэми адэжь лъахэр зыгъуэтыжахэми абыкIэ сохъуэхъу. ДяпэкIэ нэхъыбэжым къагъэзэжыну, къызыхыхьэжхэм яхэзэгъэжыну ди гуапэщ, дэри ди къару къихь къэдмыгъанэу абы дытелэжьэнущ, - Назми апхуэдэ гупсысэкIэ зэхиублащ ди зэпсалъэр.

- Хэхэс адыгэхэм ящыщу къэкIуэжхэр лэжьапIэншэу къэмынэнымкIэ хэкIыпIэр уэ пхуэдэхэм ящIэращ, Назми. Къэзыгъэзэжахэми хэкурысхэми ящыщ куэд лэжьыгъэкIэ къызэзыгъэпэщ уи Iуэхущ IапIэхэм дауэ зауэжьрэ?

- КъыздикIыжыну республикэм щиIэ лэжьыгъэмрэ улахуэмрэ нэхъыфI хуумыгъэлъагъуэмэ, къытебгъэхьэу зыгуэр къэпшэжыныр гугъущ. ИджыпстукIэ нэхъыбэу адэжь щIыналъэм къэзыгъэзэжхэр IуэхущIапIэ къызэIузыххэраци, иужьрей илъэсрэ никъуэм къриубыдэу цIыху 200-м нэблагъэ къэкIуэжащ. Ар къыддэзыIыгъа КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсени ди хэкуэгъухэр къэзышэжа фирмэхэм я лэжьакIуэхэми фIыщIэшхуэ яхудощI.

ДиIэ проектхэм ятещIыхьауэ жыпIэмэ, зы илъэсым и кIуэцIкIэ иджыри цIыху 200 къэкIуэжыну дыщогугъ. Ахэр лэжьыгъэкIэ, псэупIэкIэ, нэхъапэжраци, зыхуеину тхылъымпIэхэр гъэхьэзырынымкIэ, мыбдеж щыпсэухэм яхэсыхьыжынымкIэ щIэгъэкъуэн дахуэхъуныр ди къалэн нэхъыщхьэу къызолъытэ. Дэри, къытпыщIауэ лажьэ IуэхущIапIэхэри хэкум сыкъэкIуэжынущ жызыIэ дэтхэнэми и дэфтэрхэр зэфIыхьэху абыхэм дадоIэпыкъуэ.

- Узиунафэщ I «Налшык» Къэбэрдей-Балъкъэр бизнес-клубым и лэжьыгъэм укъытхутепсэлъыхьамэ, ди гуапэт. Ди республикэм и хьэрычэт Iуэхур дауэ щыт?

- Бизнес-клубыр жылагъуэ IуэхущIапIэщ, езым къалэн зыщищIыжауэ цIыхухэм ядэIэпыкъуу. IуэхущIапIэ къызэIузыхыну хуейуэ дэ къыдэкIуалIэм Урысей Федерацэм и хабзэхэм япкъ иту системэр хузэтыдогъэувэ. И Iуэхур зэпэща иужь, клубым хэкIыжынуми «къэкIуэжхэм фэр хуэдэу садэIэпыкъунущ» жиIэу къыхэнэнуми хуитщ. Дыгъуасэ къыхыхьар нобэ къэкIуэжым, нобэ къэкIуэжар пщэдей гъуэгу къытехьэм дэIэпыкъуурэ кIапсэ зэрыдзэм хуэдэу йокIуэкI бизнес-клубым и лэжьыгъэр.

Мыбы сызэрыщыпсэу илъэс 20-м щыщу илъэс 15-р, хьэрычэт Iуэхум ехьэлIауэ, дыжейуэ дгъэкIуауэ къысщохъу. Абы щыгъуэ Iэмал нэхъыбэ диIащ нэхъыфIу зедгъэужьыну, иджыпсту хуэдэу зэхьэзэхуэр ткIийтэкъым, уакъыдэжэныр гугъутэкъыми. Илъэситхум кърихубыдэу хьэрычэтыщIэхэм я щхьэм пщIэ хуащIыж зэрыхъуам, хьэрычэт Iуэхур Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщекIуэкIым хуэдэу зэтегъэуватэмэ, тхузэфIэкIам хуэдэ куэд зэдгъэхъулIэфынут. АтIэми, ди гуапэ зэрыхъунщи, КъБР-м Iуэхур щызэтеуващ, дызыхуэкIуэ илъэсхэм тхуэщIэнур тIукIэщыкIэ нэхъыбэу къызолъытэ, сыту жыпIэмэ нэхъ гугъу узыдехь лъабжьэр дгъэтIылъащи.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъапэу къэкIуэжахэм уащыщыщкIэ, шэч хэмылъу, хэкум къэзыгъэзэжхэми зэкIэ къэмыкIуэжыфхэми лъэныкъуэ куэдкIэ ураплъапIэщ. Абыхэм нэхъыбэу сыт хуэдэ лъэIухэмкIэ зыкъыпхуагъазэрэ?

- Адэжь щIыналъэм къитIысхьэжхэр нэхъыбэу зыщIэупщIэр хэкум зэризэгъэжыныршц, дэфтэрхэр зэрызэфIагъэхьэныршц, хамэ къэралхэм къыщалэжьа мылъкур зэрахъумэныршц, IуэхущIапIэ къызэрызэIуахынуршц, унэ къэзыщэхухэм я цIэкIэ зэрырагъэтхыныршц. ИщхьэкIи зэрыжысIащи, абыхэм щыщу зыгуэркIэ дэIэпыкъуэгъу дыхъуфыну дэ зэи къэдгъэнэнукъым. Уеблэмэ, сэ сыщымыIэми, си деж щылажьэхэм хузэфIагъэкIынущ ахэр. Хуабжьу си гуапэ мэхъу хамэ къэрал къикIыжахэм нэхърэ нэхъыбэу хэкурыс ди шыпхъухэмрэ къуэшхэмрэ ди лъэпкъэгъухэр къэшэжыным зэрыхэлIыфIыхьыр.

- Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ къалэным узэрыпэрытыр дэIэпыкъуэгъу къыпхуэхъурэ а Iуэхухэр зэфIэпхынымкIэ?



▼Ди псэлъэгъухэр

Сэбаншы Назми

- Упсэу а упщIэр къызэрызэптам щхьэкIэ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэу сызэрыщытым си щхьэр лъагэу сегъэлъагъуж, сыту жыпIэмэ ар Iуэху цIыкIуу къэслъытэркъым, хьэрычэт Iуэхум нэхърэ нэхъ пщIэи хузощI, абыкIэ нэхъ пщIэи къэзлэжьу собж. Дэ дызыхуейр цIыхур тыншу къыдбгъэдыхьэу дыздигъэIэпыкъуныр ти, ар а лэжьыгъэмкIэ зыдогъэхъулIэф, хасэм и лэжьакIуэу ущыщыткIэ, цIыхухэм я Iуэхур нэхъ гушхуауэ къуахьэлIэ, зыхуейр къыбжаIэф. Ауэ хьэрычэт Iуэхумрэ жылагъуэ Iуэхумрэ щхьэхуэ-щхьэхуэу зэрытIыгъыным дыхуосакъ.

- 1920 гъэм Кърым хытIыгунукъуэм икIыу Европэм кIуа урыс офицерхэм я щIэблэхэм щыщ гупышхуэ иджы япэ дыдэу Италием къыщежьэри Урысейм кхъухькIэ къэкIуащ. Адыгэ хэхэсхэм щхьэкIэ апхуэдэ гуэр фхуэщIэну?

- Хамэ къэралхэм ис адыгэхэм я процент 15 хуэдизым хэкужьыр зрагъэлъагъуфащ. Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм я фIыгъэкIэ, адыгэхэр щыпсэу республикищми ди лъэпкъэгъу сабийхэр илъэс къэс къашэри зыщрагъэгъэпсэху. Абыхэм къыщытрагъазэкIэ я адэ-анэхэр, я Iыхьлыхэр къыздашэ. Хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэр куэд дыдэ щыхъукIэ (псалъэм папщIэ, Меджлисым игъэнэIуащ Тыркум адыгэу мелуани 6,5-м щIигъу зэрыщыпсэур), ар зэкIи тIэукIи къыпхуэшэнукъым, ауэ, кхъухькIэ мыхъуми, кхъухьлъатэ, автобус изурэ къокIуэри, ар куэд и уасэщ. Псори зэуэ е гупышхуэ дыдэу къетшэжьэнщи, хэкужьыр едгъэлъагъунщ жытIэу мыбыкIи адэкIи егупсыс щыIэкъым, дызэрыхуэмыхьэзырым къыхэкIыу.

- Ди лъэпкъэгъухэр къэкIуэжыным сыт хуэдэ псалъэхэмкIэ тебгъэгушхуэфыну?

- Лъахэм къэкIуэжыным тебгъэгушхуэн щхьэкIэ цIыхум хэку лъагъуныгъэ иIэн хуейщ, «ар си хэкущ, абы сыкIуэжынущ» жиIэу гурэ псэкIэ еувэлIамэ, зыгуэр пхузэфIэмыгъэхьэу къанэми, къызэрумыгъэпцIар къыгурыIуэнущ.

Ди хэхэсхэр къызэрыпшэжыфыну Iэмалхэм ящыщщ студенту къакIуэхэр мыбы щыпсэуну къэгъэнэжынымрэ хьэрычэт Iуэхумрэ. Ди Президентым Тхьэр арэзы къыхухъу, дыхуэзэри депсэлъати, жиIащ студенту республикэм къыщынэжхэм унэ къащэхун хъумэ, и уасэ ныкъуэр яхухилъхьэну, къэнар фонд къызэригъэпэщу кредиткIэ ядэIэпыкъуну, лэжьапIэ IэнатIэкIи утыку къызэрыримынэнур къыхигъэщащ. ДАХ-м хэтхэр зэхуишэсри абыхэмкIэ хъыбар къаригъэщIащ, лъэIу тхылъхэри яIихащ.

Илъэс къэс студенту университетым къакIуэхэм ящыщу 40-р къитIысхьэжмэ, абыхэм къатепщIыкIыну унагъуэхэр цIыху тхурытхуу къапщтэмэ, 200 мэхъу. Хьэрычэт IуэхумкIэ апхуэдиз къэкIуэжмэ, лэжьакIуэу гъуэгу къытехьэхэри мымащIэмэ, Iуэхур хуэмурэ зэтеувэнущ. Сыти жыIи, илъэс 18-м къытхуэшэжам хуэдиз, гугъуехьышхуи дэдмышэчу, иужьрей илъэс зытIущым къетшэжьэжын тхузэфIэкIащ. ИджыпстукIэ гугъуехьу диIэр къэзыгъэзэжахэм я бжыгъэр мин 20-м нэдгъэсыныршц, абы дыфIэкIамэ къытхуэмыгъэувыIэжу езыхэр къэкIуэжынут. Хамэ къэрал ис ди лъэпкъэгъухэм хэкужьыр егъэгъуэтыжыным теухуауэ республикэм нобэ щекIуэкI лэжьыгъэм укIэлъыплъмэ, илъэситхум и кIуэцIкIэ цIыху мини 5 къызэрытшэжыфынур сэ си фIэщ мэхъу. Абы папщIэ Хасэми, дэри, абы дытелэжьэным дытезыгъэгушхуэ Президентми тхузэфIэкI къэдгъэнэнукъым. Ди мурад нэхъыщхьэр къэкIуэжхэр къэдмыгъапцIэу, лажьэмэ мыбдежым зэрыщыпсэуфынур, ищIэн, зыщIэсын зэриIэнур едгъэлъагъуу тедгъэгушхуэнырщ.

Пэжщ, къэкIуэжынур нэхъыбэнущ, Москва къалэм, Германие, Америкэ къэралыгъуэхэм къыщахь улахуэм хуэдиз уэстынущ жыпIэмэ. Ауэ ахъшэр, тхъэгъуэр нэхъ мащIэ хъумэ, хэкум икIыжынкIи хъунущ. Дэ къэкIуэжыну дызыхуейр адэжь хэкум ис цIыхур тхъэмэ дэтхъэн, мэжалIэмэ дэмэжэлIэн, гуфIэмэ дэгуфIэн, гукъеуэ иIэмэ, ар дэзыгуэшынхэрщ. Улахуэшхуэ щхьэкIэ къэкIуэжынухэри иужькIэ гъуэгу къытрехьэ, ауэ нобэкIэ дэ диIэ Iэмал тIэкIур нэхъыбэм ятедгуэшэн щхьэкIэ, и хэкур фIыуэ зылъагъу, пщIэ хуэзыщIхэр япэ идгъэщыным догупсыс.

- Упсэу, Назми, фи мурадхэр къывэхъулIэну ди гуапэщ!

Епсэлъар **ИСТЭПАН Залинэщ.**

ЖЫРКIАГУЭ Фатихь

Гугъэм и лъынтхуэ

Ацкъан Руслан и «Адэжь щIыналъэ» усэм седжа иужь

Гугъэм и лъынтхуэу адэжь щIыналъэ
Къумым щыбауэм гъащIэр щIеIыгъэ.
Псалъэр мэщыгъуэ, гущхьэр ихузрэ
Гупсысэ пэжхэр лъым щигъэжабзэу.

Анэм пэIэщIэу, лъахэм пэIэщIэу
Игъуэ нэмысу птами уи гъащIэр,
Си дадэ, зэи укъэмыдзыхэ -
Уи щIэблэ къэхъум псори зэхахыр.

Щапхъэщ ди дежкIэ бгъэщIа илъэсхэу
Гъуазэу ди гъуэгум къыщетIысэххэр.
Хэкум и дыгъэр гум и уэздыгъэу
Си псэм къыщоблэ, нур къригъэблу.

Арщ зыгъэпсэхур сабий IэпкълъэпкъыIр,
Игъасэу щIалэр хуэпэжу лъэпкъым.
Анэбгъэм хъуамэ быныр пэIэщIэ,
IэфI къыщыхъужкъым дунейм щигъащIэр.

И махуэ кIыхьхэр ирех щхьэжагъуэу,
ХуэмыгъэкIуэжрэ къыIэщIэужагъуэу.
Уи вагъэм тепсэрщ щIым къыхэкIынур,
Уи щхьэмыж бэву къыпхуикIыкIынур.

Дамаск, 1982 гъэ

ЖыркIагуэ Фатихь илъэс куэд хъуауэ Налшык щопсэу.

АР

Ебгъэзыхэзэ адыгабзэр ябгъэшIэщта?

Тыркуем икъалэу Анталие Едыдж Ибрэхьимэ щэпсэу. Къуаджэу Елэмэ къыщыхъугъ. Къалэу Анталие иадминистрацие ипащэ иупчIэжьэгъу. Иунэкъощмэ ащыщхэм Адыгэ хэгъэгум къагъэзэжьыгъэшъ, игуапэу хьакIэу къафэкIо. Лъэпкъым ичIыгу гупсэфыпIэ зэрэфэхъурэм дакIоу, тарихъым, культурэм афэгъэхьыгъэ къэбармэ защегъэгъуазэ.

- АНТАЛИЕ щызэхащэгъэ Адыгэ Хасэм илъэси 6 сырипэщагъ, - къеIуатэ Едыдж Ибрахьимэ. - Лъэпкъ шэнхабзэмэ, культурэм якъэухъумэн тыпылъыгъ.

- Адыгэ Хасэр хэушъхьафыкIыгъэу сыда зыдэлажьэщтыгъэр?

- Iофыгъо пстэури зэфэдэу бгъэцэкIэн плъэкIыщтэп. Ар къыдэтлъыти, Адыгэ Хасэр тилъэпкъэгъумэ язэIукIапIэу тшIыгъагъэ. Зыгорэм ыгъэгумэкIэу макIэп ныIа къыоолIэщтыр. IэпыIэгъу уафэхъун зэрэплъэкIыщтыр цIыфмэ зашIэкIэ упчIэжьэгъу уашIыщт, цыхьи къыпфашIыщт.

- Ибрахьим, адыгабзэр дэгъоу ошIэ, тыдэ щызэбгъэшIагъ?

- Къуаджэр ары. Нэнэжъ-тэтэжъхэр чылэм дэсыгъэх тикIэлэгъум. Ахэр мэпсэуфэхэ адыгабзэр чIэтымынэщтэу тинахьыжъхмэ къытаIощтыгъ. Джырэ уахътэ тилъэпкъэгъу ныбжьыкIэу къуаджэмэ адэсыр бэп. АдыгабзэкIэ дэгъоу гущыIэрэмэ япчъагъэ хэкIы.

- Къалэм дэсхэр зэIуагъэкIэнхэ, Адыгэ Хасэм щырагъэджэнхэ альэкIырэба?

- Зы чIыпIэ щыпсэухэрэп. Къалэр цIыкIоп, зэIубгъэкIэнхэр хьылъэ.

- Адыгэ Хасэм зэрищэлIэнхэ ылъэкIырэба?

- Сэ зэрэслъытэрэмкIэ, ебгъэзыхэзэ адыгабзэр ябгъэшIэныр нахь тэрэз. «Фаер Хасэм къэрэкIу» оIокIэ бэп Iофым хэхъоштыр. КIэлэегъаджэхэр къагъотыхэу зэрэфежьагъэхэр дэгъу, ау тиныбжьыкIэхэри ерэгупшысэх, адыгабзэр ямыщыкIагъэу арэмылъыт.

- Икъоу къызгурыIуагъэп. Ебгъэзыхэзэ сыдэущтэу адыгабзэр ябгъэшIэщт?

- КIэлэцIыкIухэзэ, ныбжьыкIэхэзэ адыгабзэр зэрагъэшIэныр япшъэрылъэу щэрэт. Тыркубзэр зэкIэми еджапIэм щакIун фае - ар къэралыгъо программэу щыт «Адыгэу Тыркуем исыр макIэп. Лъэпкъ шIэжь зиIэм ыбзэ шIу ерэлъэгъу.

- ТелевизорымкIэ адыгабзэкIэ къэтынхэр Тыркуем щызэхащэх, апшъэрэ еджапIэхэм тиныдэлъфыбзэ ащакIуэщтэуи къэбархэр зэхэтэхых.

- Фаем хэкIыпIэ къыгъотыщт. Телевидением уедэIуныр дэгъу, ау бзэр зэбгъэшIэным пае Адыгэ Хасэм е еджапIэм укIоныр нахьышIу.

- Адыгеим мэфэ заулэ хъугъэу ущыI. Хэта узыIукIагъэр, сыда узыкIэупчIэ пшIоигъор?

- Тиунэкъощэу Едыдж Нихьаи Налщык щэпсэу. Ащ икIалэ нысэ дахэ къытфищагъ, джэгум сыхэлэжьагъ. Мыекъуапэ дэс Едыджхэри зэзгъэлъэгъугъэх. Хэкум къэзыгъэзэжьыгъэмэ я Мафэ Мыекъуапэ гъэшIэгъонэу щагъэмэфэкIэу къысаIуагъэшъ, мэфэкIым сыдэгуIэ сигуапэу сыхэлэжьэщт. Хэкур гупсэ сфэхъунэу сэгугъэ.

- Уигухэлъхэр Тхьэм къыбдегъэхъух.

САХЬИДЭКЪО Нурбый.

Лъэ быдэ

Илъэси 150-рэ и пэкIэ зи Хэкум пэIэщIэ ящIа уи адэжьхэм я хъуэпсапIэхэр нахуапIэ пщIыуэ, лъахэр ефIэкIуэн папщIэ уи къарурэ сэбэпрэ епхьэлIэу, хэхэс гъащIэ дыджыр къэбгъанэу уи Хэкужь ухэсыхьыжыныр сыт и уасэ?! ЩыIэщ зи гугъу сщIы гурыщIэр зыгъэунэхуа. Ар Тыркум къыщалъхуа, Къэбэрдей-Балъкъэрым къэIэпхъуэжа, «Борэн-текстиль» фабрикэ лъэрыхь Налшык къыщызэIузыха Шыкъ Борэнщ.

Шыкъ Борэн

ХЭКУПСЭ нэс, хузэфIэкI псори лъахэм къыхуэгъэсэбэпыныр зи нэрыгъ щIалэщ Борэн. Апхуэдэу щIыжысIэм и щхьэусыгъуэщ къызэригъэпэща хьэрычэтыщIэ Iуэхум и щхьэ закъуэ иригъэпсэуж мыхъуу, Тыркумрэ Урысей Федерацэмрэ экономикэ и лъэныкъуэкIэ зэрызэпищIар, ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и фейдэ зыхэлъ Iуэху дахэу зэрыщытыр. Ахэр къалъытауэ къыщIэкIынщ Шыкъ Борэн хьэрычэтыщIэ пашэхэм щыхабжам - иджыблагъэ абы къыхуагъэфэщащ «2010 гъэм и хьэрычэтыщIэ нэхъыфI» цIэ лъапIэр.

- Борэн, мазибгъу и пэкIэ къызэIуфхауэ мэлажьэ «Борэн-текстиль» фабрикэр. Абы щыгъуэ зыхуэвгъэувыжауэ щыта мурадхэр къывэхъулIа, тэмэму зэтевубла IуэхущIапIэм и лэжьыгъэр?

- Хъарзынэу зэтеубла хъуащ - фабрикэр зэпыу имыIэу мэлажьэ, къыщIигъэкI хьэпшыпхэр къэзыщтэхэри диIэщи, ди Iуэхур зыми къилъахъэркъым. СызэреплъымкIэ, мы IуэхущIапIэр УФ-м, Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыщызэIутхам зыкIи ухущIегъуэж хъунукъым, сыту жыпIэмэ, нэхъапэм Тыркум накIуэурэ ди продукцэр къизышу щытахэм иджы мыбдеж къыщащтэныр нэхъ я фейдэщ. Абы щогуфIыкI ди лэжьэгъухэр икIи Урысейм дыкъыдэхуэу нэгъуэщI къэрал едгъэшэн хуей хъуркъым.

Къыхэгъэщыпхъэщ, нэхъапэм нэхърэ иджы ди цыджанэхэр (иджыпсту аращ зэIутщэр) ди цIыхубэм нэхъ пуду къаIэрыхьэ зэрыхъуар.

- Фабрикэр Налшык къызэрыщызэIуфхам куэд щыгуфIыкIащ, IэнатIэщIэхэр къызэрыунэхуам къыхэкIыу. ЦIыху дапщэ щылажьэрэ иджыпсту?

- ЦIыху 500 щыIэщи, ахэр сменэкIэ зэблокI. Къэбэрдей-Балъкъэрым и сыт хуэдэ районми къокI, адыги, балъкъэри, урыси, ермэлыи щыIэщ. Ахэр зыгъасэ IэщIагъэлI 20 хуэдиз Тыркум къитшащ. Абыхэм зэрыжаIэмкIэ, ди хэкуэгъухэр жанщ, губзыгъэщи, я IэщIагъэм псынщIэу хозагъэ. Бзылъхугъэхэр зэрынэхъыбэм, ахэр Iуэхум нэхъ зэрегугъум къыхэкIыу уадэлэжьэну тыншщ.

Къахь улахуэм и гугъу пщIымэ, зы мазэм ику иту сом мини 10 - 11 мэхъу. Абы хыхьэркъым гъуэгупщIэр, шхыныр, къищынэмыщIауэ, улахуэм техуэ налогыр щхьэщызытыкIыр дэращ.

- Цыджанэхэр къызыхэфщIыкI Iуданэхэр дэнэ къыздифшыр?

- Италием. Я плъыфэкIи, я IувагъкIи зэщхьэщокI ахэр. ДяпэкIэ ди мурадхэм ящыщщ апхуэдэ Iуданэ щащI фабрикэ мыбы къыщызэIутхыныр. ИтIанэ ди Iуэхур нэхъ тынш хъунущ, ди лэжьыгъэми зиубгъунущ.

- Борэн, Тыркум укъыщалъхуащ, хамэ къэрал куэдым ущыIащ. Хэкур абыхэм ебгъапщэмэ...

- Пэжщ, сэ ЩIы хъурейм и процент 80-м сыщыIащ, щIыпIэ дахэ куэди слъэгъуащ. Ауэ Хэкур Хэкущ, абы къыуит гурыщIэр псоми йофIэкI. Уи лъахэм и хьэуар зэрынэхъ гуакIуэри, и щIыгур зэрынэхъ дахэри къыбгурыIуэ абы зымащIэкIэ пэIэщIэ ухъуамэ. Псом хуэмыдэу ар ягъэунэхуащ хэхэсхэм.

Сэ сыкъапщтэмэ, 2000 гъэ лъандэрэ илъэсым зэ нэхъ мыхъуми сыкъакIуэрт Налшык. Иджы сыкъэIэпхъуэжыпауэ сыщопсэу, си унагъуэри къэсшэжащ. Си гумрэ си псэмрэ загъэпсэхужауэ, тыншыгъуэ ягъуэтауэ жыпIэ хъунущ.

- Хьэрычэт Iуэхум лъэ быдэкIэ хэт цIыхум и чэнджэщу сыт къэбгъэлъэгъуэнт, Борэн? Уи мурад зэбгъэхъулIэн, лъагапIэщIэхэм ухуэкIуэн папщIэ сыт нэхъыщхьэр?

- Улэжьэн хуейщ, еш умыщIэу. ЦIыхум лэжьыгъэ зэрептым, сэбэп узэрыхуэхъум нэхъыбэжым утрагъэгушхуэ. Апхуэдэуи Iуэхум и хыхьэпIэ-хэкIыпIэм, цIыху хэтыкIэм, хьэрычэт Iуэхум и хабзэхэм ущыгъуазэу щытыпхъэщ.

Епсэлъар **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

Адыгэ хэкур яубыдын папщIэ кърашIылIэу илъэсищэм щIигъукIэ екIуэкIа Урыс-Кавказ зауэм куэд тетхыхьащ, куэди тражыIыхьыжащ. Абы кърикIуар пхуэIуэтэнукъым: адыгэу пщIы къэс бгъур хэкIуэдащ, псэууэ къэнам я нэхъыбэр адэжь щIыналъэм залымыгъэкIэ ирагъэкIащ. Абы лъандэрэ лIэщIыгъуэм щIигъу блэкIыжами, нобэр къыздэсым ар лъэпкъым къыхуэнащ гукъеуэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщу.

Анэ пэлъытэ

КъШР

ИЛЪЭС 12-кIэ узэIэбэкIыжмэ, Югославием и Косовэ щIыналъэм щыпсэу адыгэ хэхэсхэм мурад ящIауэ щытащ я хэкум къагъэзэжыну. ИкIи а Iуэхугъуэфыр нэгъуэщI щIыналъэ щыпсэу ди лъэпкъэгъу куэдми щапхъэ дахэ яхуэхъуауэ жыпIэ хъунущ.

Тыркум хыхьэ Самсун жылагъуэм къыщалъхуа Мерэтыкъуэ Октай мыпхуэдэу жеIэ:

- Нобэ Тыркум щыпсэу адыгэхэм жаIэж я нэхъыжьхэр адэжь щIыналъэм залымыгъэкIэ щрагъэкIым къыздащтауэ щыта гуэдз бжыгъэхэр, щIыгу IэмыщIэхэр, нэгъуэщI хьэпшыпхэр хуэсакъыпэу зэрахъумэфар. Апхуэдэуи, абыхэм яхузэфIэкIащ лъэпкъ щэнхабзэр, бзэр зыIэщIамыгъэхужын.

БалигъыпIэм нэса нэужь, Октай зригъэщIэу щIидзащ и унагъуэм и къекIуэкIыкIар, лъэпкъ тхыдэр. Абы Кавказыр зыхуэдэр, лъэпкъыр зищIысыр, ди адэжьхэм къытхуагъэна хабзэхэм я хъугъуэфIыгъуэр Iэмал имыIэу зригъэщIэн хуейуэ къилъытэрт.

Апхуэдэу, 1995 гъэм Адыгэ Республикэр псэупIэ яхуэхъуу и Iыхьлыхэр Тыркум щиIэпхъукIыжам, Октай къыхуэмыгъэсу щIэхъуэпсырт абыхэм хьэщIапIэ зэрахуэкIуэным. А гупсысэхэм зэщIищта щIалэм и гухэлъхэр и анэм япэ щIыкIэ диIыгъакъым, арщхьэкIэ адыгэ щIыналъэм къэкIуэнымкIэ пэрыуэгъу хуэмыхъуу щIалэр хуит ищIащ.

Октай и къэкIуэгъуэр зытриухуар Адыгэ Республикэм щыпсэу и лъэпкъэгъухэм я псэукIэм, дуней тетыкIэм, Iуэху зехьэкIэм нэIуасэ зыхуищIынрат. Абы фIэгъэщIэгъуэну зыщигъэгъуазэрт лъэпкъ щэнхабзэм, гъуазджэм, тхыдэм.

Тыркум игъэзэжын хуей щыхъум, быдэу игу ириубыдат Адыгэ щIыналъэр псэупIэ зэрищIынур. Апхуэдэу и мурадыр къехъулIэри, 2002 гъэм Адыгэ Республикэм къэкIуэжащ. Гъунапкъэм щыт къулыкъущIэр «УкъыщIэкIуэм и щхьэусыгъуэр сыт?», жиIэу къыщеупщIым, зы дакъикъи емыгупсысу, «Хэкум къызогъэзэж» жриIауэ щытащ.

Апхуэдэу илъэс 24-м иту Октай теувэщ хэкум хуэлэжьэн гъуэгум. ПсэупIи лэжьапIи къызэригъуэтам къинэмыщIауэ, нэIуасэ захуищIащ и унагъуэцIэм хуэдэ зезыхьэхэми. Хуабжьу игъэщIэгъуауи щытащ Армавир къалэм пэмыжыжьэу Меретук псыежэх зэрыщыIэр къыщищIам.



Октай ипхъу нэхъыжь Сэтэней и гъусэу.

Зэман гуэр дэкIри, Октай псэуэгъу ищIащ Косовэ хэгъуэгум хыхьэ адыгэ жылагъуэм щыщ Цей Фердие. Хъыджэбзыр къызыхэкIа унагъуэр 1999 гъэм къыщыщIэдзауэ Адыгэ Республикэм щыпсэурт. Нобэ зэщхьэгъусэхэм бынитI ягъуэтащ - Сэтэнейрэ Сарэрэ.

Октайрэ Фердиерэ я нысашэм Тыркум къикIри къеблэгъат Октай и анэри. Абыи гуимыхуж щыхъуат адыгэ щIыналъэм зэрыщыIа махуэ бжыгъэр.

КIУШТЭ Динэ.
Черкесск къалэ.

▼Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

«Кавказ Ищхъэрэм и щэнхабзэ диаспор» дунейпсо зэIущIэм кърихьэлIащ Сирием, Тыркум, Иорданым, Израилым, Москва, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Шапсыгъым щыщ щIэныгъэлIхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр. *Черкесск къалэ. 1991 гъэ.*

Къалэн нэхъыщхьэхэм яхыдобжэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Пэжщ, мухьэжырхэр къэзышэжыфынур езы Хэкурщ, лъэпкъым щыщу абы къинахэрщ. Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Краснодар крайм я унафэщІхэр къыхэмыхьэу Іуэхур зэфІэкІынукъым. Ди насыпщи, ди лъэпкъэгъухэр къэкІуэжыным пыщІа Іуэху куэд зэфІэдгъэкІынымкІэ Іэмалхэр къыкъуэкІащ. Иджыпсту апхуэдэ зэманщи, Урысейм къыхуэщхьэпэнущ езым къыхуэлэжьэну цІыхухэр. Ди къэралым еджагъэшхуэхэр, ІэщІагъэлІхэр, гъуазджэм и лэжьакІуэхэр мымащІэу зэриІэпхъукІыр ди жагъуэ щыхъукІэ, ди гуапэ хъун хуейщ зи зэфІэкІкІэ ахэр зэзыхъуэкІыфыну цІыхухэр къызэрытхыхьэжыр. Ар ехьэлІащ гъащІэм и ІэнатІэ псоми.

Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ зыкъомым щопсэу лъапсэ быдэ щызэтезыухуэжа ди лъэпкъэгъухэр. Ахэр цІыху минитІым ноблагъэ икІи нэхъыбэуи Налшык, Бахъсэн, Шэджэм, Тэрч, Нарткъалэ дэсхэщ. Косовэ кърашыжа адыгэхэм Махуэхьэблэ къуажэр Адыгейм щыхуаухуащ.

Зи адэжь лъахэм къихутэжахэм Іэмал ягъуэтащ езыхэм я лъэпкъым къыгуэхыпІэ имыІэу ящыщ хъужыну, я анэдэлъхубзэр куууэ яджыну, ди щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я фІыгъуэхэр къагъэсэбэпыну.

Дауи, къэзыгъэзэжахэр ди щыІэкІэ-псэукІэм есэжыным зэман текІуэдэнущ. Абы и лъэныкъуэкІи щІэгъэкъуэн хъун хуейщ къэралри, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри, дэтхэнэ адыгэри.

Хамэ хэку щыпсэу псоми зэуэ зыкърачу Кавказ щІыналъэм къэІэпхъуэжыным ущыгугъыныр щхьэгъэпцІэжщ. Апхуэдэ Іуэхухэр гугъущ, пІалъэ кІэщІми пхузэфІэмыгъэкІынщ.

ЗэрыгурыІуэгъуэщи, къэлъытэн хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэухэри къэкІуэжхэри репатриацэм зэрыбгъэдыхьэ щІыкІэр.

КъэІэпхъуэжа унагъуэхэм, щыІэ Іэмалхэм елъытауэ, щІы Іыхьэхэр, хадэхэр яхухэхын икІи абыкІэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм хыхьэ нэгъуэщІ къэрал, шэрджэс зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэм хъыбар егъэщІэн хуейщ.

ЩыІэщ нэгъуэщІ лъэпощхьэпои. Зи гугъу сщІыр урысыбзэрщ. УФ-м и МИД-м гурыІуауэ урысыбзэ курсхэр къызэІухын хуейщ. Ахэр щолажьэ Урысей Федерацэм и лІыкІуэ здэщыІэ къэралхэм, адыгэхэр щыпсэухэри яхэту.

Мыбдеж къыхэзгъэщыну сыхуейщ «Урысей Федерацэм и гражданствэм и ІуэхукІэ» хабзэм уи хэку къэбгъэзэжын папщІэ урысыбзэр пщІэн хуейуэ къызэригъэувыр. Ауэ ар зымыщІэхэм хабзэр зэран яхуэхъун хуейкъым.

ДАХ-р щІэгъэкъуэн хъунущ къэкІуэжхэм я бынхэр пэщІэдзэ классхэм щрагъэджэнымкІэ, льготэхэр я лъабжьэу ахэр КъБР-м, КъШР-м, Адыгейм я еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэтІысхьэнымкІэ. Апхуэдэ дыдэу дыкІэлъыплъынущ къэкІуэжыным пыщІа тхылъ псори кІэлъэф ямыщІу зэрыхуагъэхьэзырым.

Мыри мыхьэнэ зиІэ Іуэхущ. НэгъуэщІ къэралхэм щыпсэу хэхэсхэр я адэжь лъахэм нэхъыфІу къыпыщІа хъун папщІэ Кавказ Ищхъэрэм къыдошэ ди хэкуэгъухэм ящыщ щІалэгъуалэ гупхэр, сабийхэм Налшык, Мейкъуапэ зыщагъэпсэху, ІуэрыІуатэ фестивалхэр, концертхэр, спорт зэпеуэныгъэхэр къызэрагъэпэщ. Илъэс зыбжанэ хъуауэ «Къэзыгъэзэжам (репатриантым) и махуэ», «Анэдэлъхубзэм и махуэ» идогъэкІуэкІ. Апхуэдэ зэІущІэхэм къыщцыдоІэт лъэпкъ Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэм я щытыкІэр.

Ауэ ахэри мащІэщ дэрэ нэгъуэщІ къэрал щыпсэу мухьэжырхэмрэ нэхъ дызэрыщІэн, дызэрыІыгъын папщІэ. Налшык, Краснодар, Минвод йолъэтыкІ ди лъэпкъхэр зэпызыщІэ кхъухьлъатэхэр. Адрей псоми къадэкІуэу, ар щІэгъэкъуэн яхуохъу хьэрычэтыщІэхэм. ЖысІэнщи, зэпэгъунэгъу дощІ дэ Іуэху зезыхьэ адыгэ цІыхухэр. КъэІэпхъуэжахэм урысей инвестицэ хабзэхэр идогъащІэ. «Нарт-ТВ»-м и Іэмалхэр къыдогъэсэбэп хэкурысхэмрэ мухьэжырхэмрэ зэрыщІэн папщІэ.

КъыщыщІэздзам деж щызухыжынщи, илъэси 146-рэ и пэкІэ зи лъахэр зрагъэбгынэу дунейм щикъухьа хъуа ди лъэпкъэгъухэм я зэхуэшэсыжын Іуэхур Дунейпсо, Къэбэрдей, Адыгей, Шэрджэс, Шапсыгъ Адыгэ Хасэхэм сыт щыгъуи я къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ щытынущ.

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,
Дунейпсо Адыгэ Хасэм и япэ вице-президент,
Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

КъБР

Лашын и тыгъэ лъапІэ

Къаныкъуэ Лашын хэхэс гъащІэр зи натІэ хъуахэм я щІэблэщ. Езы пщащэр, и насып кърихьэкІри, апхуэдэ дунейм пэІэщІэ хъуащ. Абы и ныбжьыр илъэси 4-м иту унагъуэм зэуэ зыкъаІэтри, Хэкужьым къэІэпхъуэжащ.

Къаныкъуэ Лашын

КЪАНЫКЪУЭХЭ Нэжмеддинрэ Каукэбрэ, дэтхэнэ зы хэхэсми хуэдэу, адэжь щІыналъэр я гум щагъафІэрэ абы зэгуэр къагъэзэжын гугъэр яІэу Сирие къэралыгъуэм щыпсэурт. Хэкум щІэбэгыу зи гъащІэр езыхьэкІахэр я быным зэрыхуэхъуапсэр я къуэпсыр къыщежьэ лъахэм лъабжьэ быдэ щегъэщІыжынырт. Апхуэдэ мурадыр игъэзэщІэным ерыщу иужь ихьэри, Нэжмеддин, зы махуэ гуэрым къытридзэри, Хэкум къэкІуащ. Шэч хэлътэкъым Къаныкъуэм илъэгъуа псори игу зэрырихьам, армыхъумэ, абы и ужькІэ куэд дэмыкІыу и унагъуэр гъуэгу къытришэнтэкъым. Абы лъандэрэ илъэс 20 хъуащи, ахэр зэи хущІегъуэжакъым адэжь хэкум къызэрагъэзэжам.

Лашын дэтхэнэ зы хэкурыс пщащэ цІыкІуми хуэдэу къэхъуащ. И ныбжьыр щынэсым, Налшык къалэ дэт курыт школ №18-м щІэтІысхьащ, абы и ужькІэ щеджащ БизнесымкІэ институтым, мы зэманым «Олимпийский» бассейным щолажьэ.

- Си ныбжьэгъухэм яхэтщ щІыпІэм щыщхэри хамэ къэрал къикІыжахэри, - жеІэ Лашын. - Ауэ нэхъыбэу сызыпыщІар мыбыкІэ къыщыхъуа щІалэгъуалэрщ, си гупсысэкІэкІэ, си дуней еплъыкІэкІэ абыхэм нэхъ сатохуэ - дауэ мыхъуми, си адэ-анэм я фІыгъэкІэ сэ хэхэс гъащІэм ижь къысщІихуакъым.

Сирием къикІыжа щІалэгъуалэ куэд соцІыху, унагъуэкІи дызэрощІэ, дызэхуозэ. Хамэ къэрал къиІэпхъукІыжа, си анэм и ныбжь цІыхубзхэр зы гуп зэрыгъэхъуауэ мазэ къэс зэхуос. Мис абыхэм щапхъэ ятетхауэ, щІалэгъуалэри дызэІуощІэ. Апхуэдэ зэхуэсхэм Іуэхугъуэ куэдым дыщытопсэлъыхь: мащІэ нобэрей ныбжьыщІэхэр зыгъэпІейтеинкІэ хъунур?! Гу зылъыстаращи, хамэ къэралхэм къыщыхъуахэмрэ хэкурысхэмрэ я Іуэху еплъыкІэхэр куэдкІэ зэтехуэркъым. Хэхэс гъащІэм и дыджагъыр зыхэзыщІахэр нэхъ гумащІэщ, адыгагъэм я гур нэхъ хуэгъэзауэ, хабзэр, нэмысыр нэхъ ялъытэу щытщ. Абыхэм хэкур я псэм щагъафІэу, абы щагъакІуэ дэтхэнэ зы махуэри я ІутІыжу мэпсэу.

КЪАНЫКЪУЭР Лашын и адэшхуэм и цІэщ. Сирием щызекІуэ хабзэм тету, я нэхъыжьым и цІэр унэцІэ яхуэхъужауэ аращ мыбыхэми. Я унэцІэ дыдэр Шэрэджщ, лъэпкъкІэ Лэскэн куейм хыхьэ Хьэтуей къуажэм щыщщ. Хэкужьым къыщыкІуэжам, я унэцІэр къащтэжыну хэтат, ауэ куэдыІуэрэ къыкІэлъыкІухьын, тхылъымпІэ мымащІэ зэгъэпэщын хуей щыхъум, Іуэхур къагъэнэжащ. Нэхъыщхьэращи, я къуэпсыр къыщежьэр ящІэ, къызыхэкІа лъэпкъым пыщІэныгъэ хуаІэщ.

Адыгэ хабзэм, нэмысым щІапІыкІащ Нэжмеддинрэ Каукэбрэ я бынхэр. Дэтхэнэри гъащІэм лъэ быдэкІэ хагъэуващ. ХъыджэбзитІрэ зы щІалэрэ яІэщи, Лашын фэдгъэцІыхуакІэщ, хъыджэбз нэхъыжь Сэтэней КъБКъУ-м дизайнымкІэ и колледжыр къиухащ, унагъуэ ихьащ. Абы щхьэгъусэ хуэхъуар Сирием къыщыхъуа абазэхэ щІалэщ. Айнтаби Мустафа хэкум къэкІуэжри, щІэныгъэ щызригъэгъуэтащ. ЗэрыцІыкІурэ зи хъыбар зэхихыу къэхъуа щІыналъэр игу щыпымыкІым, игъэзэжакъым, иджыпсту Налшык дэт кардиологие центрым и дохутырщ. Я щІалэ Андемыр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академиер къиухащ, Владикавказ щыІэ «Шахтинская плитка» фирмэм щолажьэ. Куэд щІакъым ари унагъуэ зэрыхъурэ. Щхьэгъусэ хуэхъуа БищІо Залинэ хэкурыс пщащэщ, Хьэтуей жылэм щыщщ. Абы юридическэ щІэныгъэ иІэщ, уэчылу мэлажьэ.

Сэтэней, Лашын, Андемыр - гу зэрылъыфтащи, Нэжмеддин и бынхэм яфІищар адыгэцІэщ. Абыи къегъэлъагъуэ зи хэкум пэІэщІэу псэуа цІыхухъум къызыхэкІа лъэпкъым быдэу пыщІауэ зэрыщытар. ЩІыналъэм ирахуами, адыгэпсэр яхуэгъэкІуэдакъым. Я щэнхабзэр зэрахьэжу, я хабзэр яІыгъыжу, я бзэр яІурылъу къэгъуэгурыкІуащ, зэрыхъукІи я щІэблэм ахэр хапщэу.

Анэдэлъхубзэрщ Къаныкъуэхэ (Шэрэджхэ) я унагъуэм зэрыщызэпсалъэр. Апхуэдэу щытми, я бынищми урысыбзэр, хьэрыпыбзэр, инджылызыбзэр хъарзынэу ящІэ. Дауи, адэ-анэм я гур зэгъауэ къыщІэкІынщ: я бынхэм щІэныгъэ, ІэщІагъэ яІэщ, нэхъыщхьэращи, я хэкужьым щопсэу.

- Зы гукъеуэщ диІэр, - жеІэ Лашын. - Ди Іыхьлы-благъэхэм щыщ куэд Сирием къэнащ. Ахэри къэкІуэжыну хуейт, ауэ мыбдежым уи Іуэхур щызэтебублэжыныр зэрыгугъум къыхэкІыу куэдыр тегушхуэркъым. Тыншкъым апхуэдиз илъэс лъандэрэ узыхэпсэукІар зэуэ ІэщІыб пщІыныр, тегушхуэгъуафІэкъым а уздэкІуэжым псори щІэрыщІэу къыщыщІэбдзэжыным и ужь уихьэныр. Нэгъабэ сыщыІат Сирием. Слъэгъуащ абы щыІэ ди лъэпкъэгъухэм я псэукІэр, сигу ирихьар мащІэщ. Хьэуэ, ахэр гугъуехь ятелъу псэууэ аракъым, ауэ сэ къызгурыІуащ уи хэкужь хуэдэ зэрыщымыІэр икІи ар хэщІапІэ зэрытхуищІыжам папщІэ сигукІэ си адэм куэдрэ фІыщІэ хузощІ икІи жызоІэ: «Мыбы дыкъызэрыпшэжам нэхъ тыгъэфІ къытхуэпщІыфынтэкъым, дэ уэ фІыгъуэшхуэкІэ укъытхуэупсащ».

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм къеблэгъащ Тыркум щыщ шэрджэс егъэджакІуэхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ. Абыхэм я гъусэщ Мэздэгу щыщ сабийхэри.

2010 гъэ, мэкъуауэгъуэ мазэ.

Хэкупсэ адыгэхэр

Хьэткъу Фатхьий, щІэныгъэлІ. (Голландие)

Хьэпэкъуэ Алий, жылагъуэ лэжьакІуэ. (Германие)

Тут Заур, уэрэджыІакІуэ. (Москва)

Къуныхъуэ Доган, уэрэдус-уэрэджыІакІуэ. (Истамбыл)

Севимрэ ди корреспондент НэщІэпыджэ Замирэрэ.

Илъэс мэхъу абы лъандэрэ - и нэ къызыхуикІ и Хэкум Севим къызэрыкІуэжрэ. Куэдым зихъуэжащ а зэман мащІэм къриубыдэу. Илъэгъуам, зэхихам, зыхищІам пщащэм и гупсысэм зригъэужьащ, дунейм нэгъуэщІынэкІэ еплъ хъуащ.

Насып Севим и насыпыр

ТЫРКУМ къыщалъхуами, адыгэ унагъуэт щапІри, адыгэбзэ фІэкІа зэхимыхыу къыдэкІуэтейрт Севим. ИужькІэ школым кІуэн щІидза нэужь, ихъуреягъкІэ зэхих тыркубзэр къыфІытекІуэ хъуащ зэрагъэпсэлъэн ямыдэ анэдэлъхубзэм. Ауэ, дауэ мыхъуми, хъыджэбзым адыгэбзэр щыгъупщакъым, нэсу имыгъэшэрыуэфми, фІы дыдэу къыгуроІуэ. Ар нэхъри иригъэфІэкІуащ Налшык щылэжьэну къызэрыкІуэжрэ.

Насып Севим «Борэн-текстиль» фабрикэм щолажьэ. Тыркум щыІэ апхуэдэ Іуэхущ щІапІэм илъэсийкІэ щылэжьауэ, абы и зы Іыхьэ Налшык къыщагъэІэпхъуэм, Севими кърагъэблэгъащ.

- Армырами, куэд щІауэ сехъуапсэрт адэжь щІыналъэм сыкъэкІуэну, - жеІэ абы. - Налшык къыщызэІуахыну фабрикэм цІыхухэр зыгъэсэн щыхуейти, ди унафэщІ Шыкъ Борэн сэри сыкъыздишэну щыжиІам сыг уфІащ. Си адэ-анэм а хъыбарыр занщІэу яхуэсІуэтащ. Ахэри щыгуфІыкІат абы - хэкум, зэ нэхъ мыхъуми, къэкІуэну хуэмей хэхэс щыІэкъым - си адэ-анэми абы я нэ къыхуикІырт. Апхуэдэу щытми, хъыджэбзым и закъуэу яутІыпщыным шэч къытрахьэу зэчэнджэщырт. ИужькІэ си дэтъ ху ТэркъаниНалшык къэкІуэнухэм щыхагъэхьэм, ди Іуэхур зэуэ убзыхуа хъуащ.

Сэ шыпхъуищрэ дэлъхуитІрэ сиІэщ, си адэ-анэр схуэузыншэщ, си адэм и анэри дэ къыдбгъэдэсщи, адыгэбзэмрэ адыгэ хабзэмрэ ди унагъуэм зэрыщызекІуэр зи фІыщІэу къэслъытэр аращ.

Севим иджыблагъэ унагъуэ ихьащ - и насыпыр и Хэкужьым къыщигъуэтауэ жыпІэ хъунущ. Езым къыдэлажьэ, Тыркум щыщ бжьэдыгъу щІалэщ абы щхьэгъусэ хуэхъуар. ДяпэкІэ зи псыкъэжэгъуэ унагъуэщІэм мурад куэд яІэщи, Тхьэм къаригъэхъулІэ.

Ди лъэпкъэгъу пщащэр и лэжьыгъэм щытепсэлъыхькІэ, и гур хохъуэ. Иджы Налшык зэрыщылажьэм нэхъри егъэгушхуэ, щызэш зы махуи къыхуимыхуэу хэкурыс бзылъхугъэхэр и ІэщІагъэм хуегъасэ.

- Нэхъыбэу адыгэ цІыхубзщ ди деж лэжьакІуэ къакІуэхэр, - жеІэ Севим. - Абыхэм уадэлэжьэныр гухэхъуэщ, я анэдэлъхубзэм и шэрыуагъымрэ езыхэм я жыджэрагъымрэ удахьэх. Псом хуэмыдэу щІалэгъуалэрщ лэжьыгъэм нэхъ псынщІэу есэр.

Лэжьыгъэм къыщыдэхуэм деж Севим Налшык зыщеплъыхь. Пщащэм къалэр зригъэцІыхуну хунэсащи, абы и зы дэтхэнэ плІанэпэри фІэтелъыджэщ.

- Хуабжьу щІыпІэ хьэлэмэтщ Налшык, зыплъыхьыпІэ, зыгъэпсэхупІэ дахэхэр и куэдщ, - къыддогуашэ Севим. - Абы укъыщалъхуныр, ущыпсэуныр гухэхъуэкъэ?!

НЭЩІЭПЫДЖЭЗамирэ.

АР

Лъапсэ зиІэм шъхьапэ ыгъотыщт

ЛІэшІэгъурэ ныкъорэ фэдиз уахътэ тешІагъэми, Урыс-Кавказ заом тхьамыкІагъоу тилъэпкъ къыфихьыгъэр адыгэгум джыри щыкІосагъэп. Аужырэ убыхэу хэкужъыр зыбгынагъэм фэгъэхьыгъэу Баграт Шинкубэ итхылъэу «Последний из ушедших» зыфиІорэм уеджэ зыхъукІэ хьэзабэу тпэкІэкІыгъэм иджэрпэджэжьхэр гучІэм къегущыІыкІы. ТхьэмыкІагъоу адыгэ лъэпкъхэм къарыкІуагъэр куу дэдэу, лъынтфэ къуапэр къыуфэу романым къыппкъырегъахьэ. Тхылъым щыщ пычыгъо адыгабзэкІэ зэсыдзэкІыжьыгъэу къэшІыгъо кІэкІ фэдэу еджакІохэм къагъэлъагъо.

ЧЫЖЬЭКІЭ лъэгъо напцэм зынэІу дэгъэзыягъэу Іулъ бзылъфыгъэр къэслъэгъугъ. ЫбгъэкІэкъузэгъэ сабыйри сынэ къыпэшІофагъ. ЫбгъукІэ, джыри мычъэпхъыжьыгъэ лъэбанэм дэжь къошын укІорэигъэр щылъыгъ. СыдеІэн мурад сиІэу зэкІэм сечъагъ, ау ошІэ-дэмышІэу слъэгъугъэм сигъэтхьэхягъэу сыкъыхэкуукІыгъ. Сапашъхьэ илъыгъэр сянэ къылъфыгъэ сшыпхъоу Айщэт арыгъ:

- О си Алахь! Сыд гущэр къыохъулІи? ЗыкъэшІэжь! Сыд пае зи къэмыІора?

Сшыпхъу сыкъыкІаІэзэ зэкІэм сыгу къиучъыІыкІыгъ, къызгурыІуагъ ар зэрэлІагъэр. Гъэнэфагъэу хьадрыхэ гъогу зыщытехьажьыгъэр бэдэдэ шІагъэп. Джыри ипкъынэ-лынэхэр фэбэгъэкІэ тІэкІу горэ ахэлъ пІонэу щытыгъ. Сабыир псаугъэ, гъыщтыгъэп. ГуІэзэ ар янэу зыпсэ хэкІыгъэм ыбгъэ ешъощтыгъэ.

Гу сшІи, сыфэсакъыпэзэ кІэлэцІыкІур янэ ыбгъэ кІэрысчыжьыгъ. ЫІупэ цІыкІумэ щэ гъуантІкІохэр фыжьэу къатещыщтыгъэх.

КъэшІэгъоягъэп шъэожъыеми тэлаур къызэреуагъэр. Ыпкъышъол мэшІошхо кІэлъыгъ. Дэшхо цІыкІуитІум фэдэ Іэбжыбжьыехэр зэкІилъхьагъэхэу джы зэІуимыхьэмэ джы зэІуихьащт пшІошІэу гъыныр лъэшэу къыхидзагъ. Сыбгъэгупэ кІэсыубыти, къэлъэгъорэ етІэ бгъагъэм фэсыузэнкІыгъ. Уахътэу тешІэрэр сшІуабэу сынэмысыпэзэ зысимышІэжьэу сыкъэкуугъ:

- Хэтми кърэкІ!

Ау сыджэуапынчъагъ, ихьапІэм зи къыщылъэгъуагъэп. Пчъэлъэбым сытеуцуи, Тхьэр зыпыкІыжьыгъэ унэм сиплъагъ. Хьэзаб щэІу макъэ дэгу къызэхэсхыгъ.

Пчъэм къыдэпсыгъэ нэфынэм сигъэлъэгъугъэр гугъэуз: дэпкъым кІыбыкІэ егъэкъугъэу, лъэшэу зиутІыгугъэу, къащым фэдэу зэтедзэгъэ ІитІумкІэ ыныбачІэ ыІыгъэу тимахълъэ Хьарунэ къэсшІэжьыгъ. ЫнитІу щыбэгагъэу, напІэхэр онтэгъоу телъэшъуагъэхэу, зэхэкІыхьэгъэ нэгушъхьитІур иуагъэхэу, аджалыр къышъхьарыхьагъэу щысыгъ. Убых шъолъырым зэманым щыцІэрыІощтыгъэ шыоу. лІыбланэу, зигъорз зибжъэрэ зэтемызэу, зигугъэ лъагэу псэущтыгъэр ары Іоу умышІэжьынэу джыдэдэм ар дзыожъ зэлъэгъэ нэкІыжъым фэдагъ. Ерагъо-мыгъуіщэу сыкъышІэжьыгъэу Хьарунэ шІуфэс къысихынэу къэтэджы шІоигъоу зырикъугъ:

О, Зауркъан, къысфэбгъэгъункІэ сыолъэІу сыкъыппэгъокІынэу амал зэрэсимыІэр. Айщэт псыхьэ кІуагъэ, джыдэдэм къэкІожьыщт - ымакъэ щэІум зэпитхъызэ ерагъэу къыжэдэзыгъ. Иауждэ такъикъхэр къызэрэблэгъагъэхэм уехъырэхъышэжьынэу щытыгъэп.

Акъылэу щыорэм, енэгуягъэу, апэрэмкІэ ригъэлъэгъущтыгъэп исабый зэрэсІыгъыр. Ау нэужым зэкІэри къыгурыІожьыгъ. ЗэІуихьэзэ хъырхъырхъым хэтэу къэгурымыгъ:

- УлІымэ, Зауркъан, спсэ Іух, сыукІ. Псапэ шІэ! СыукІ! Айщэт щыІэжьэп, сэри шы пагъэм фэдэу сылІэщт. Псаоу зыгорэкІэ сыкъанэми... Хьау! Хьау, сыфаеп... Ощ нахьи сынахьыжъ... Къыпфэсэгъэпытэ... Спсэ Іух! СыукІ!

Тимахълъэ Хьарунэ идунай ыхъожьыгъ. Сабый сымаджэу, сабый нэкІыгъэр къысІэкІэнагъ...

Ижъым урыс пачъыхьэхэм шхъуабэу къыташІагъэм пае джырэ урысхэр дгъэмысэнхэу щытэп. Гухьэ-гужъ афэтшІы хъуштэп. Тиапэрэ пшъэрылъмэ ащыщэу сэлъытэ тызфыщыІэ, тызфэпсэурэ, тызфэлэжьэрэ сабыйхэу, неущрэ мафэм насып фэхъущтхэр, интернациональнэ зэфыщытыкІэ яІэу, сыдрэ лъэпкъи зэкъошныгъэ адашІэу, мамырныгъэм фэбанэхэу ыкІи лІэшІэгъу пчъагъэм къапкъырытщыгъэ лъэпкъ зэхашІэр агъэлъапІэу пІугъэнхэр.

«Лъапсэ зиІэм шъхьапэ ыгъотыщт», - еІо адыгэ гущыІэжьым. Тицыхьэ телъ зэман бзаджэхэм рахыкІыгъэ лъэпкъ чъыгышхом къыдэпщыжьыгъэ къутамэр шъхьэпэ бырабэ хъужьынэу.

А гугъэ лъагэхэм иджэныкъо машІо ифэбагъэ хэтрэ адыги лъыІэсынэу Тхьэм еІу.

ЧЭТЫЖЪ Марин,
Адыгэкъалэ иублэпІэ еджапІэу N6-м ипащ.

КъШР

Ди псэлъэгъухэр

Щикъухьащ шэрджэсхэр дунеижьым

Хэкум къэзыгъэзэжам (репатриантым) и махуэр къыщыблагъэкІэ, нэхъапэм зэи къыпхуэмыушауэ гупсысэ куэдым узэщІаІэтэ. Зэхэзехуэныгъэм пыщІа гуауэр, абы епха насыпыншагъэшхуэр зыхэзыщІахэм ящыщщ адыгэ лъэпкъри. ЗалымыгъэкІэ зи Хэкур зрагъэбгына шэрджэсхэм я щІэблэм я псэм иджыри къэс телъ хьэлъэр тезыхыфынур адэжь щІыналъэм къагъэзэжынрат. Ауэ, ар я хъуэпсапІэ нэхъыщхьэу, къамыгъэзэжыфауэ хамэ къэралхэм ди лъэпкъэгъу дапщэ дунейм щехыжар?! Дэнэ щыІэми, дапхуэдиз фІыгъуэхэм хэсу псэуми, цІыхум и псэр и ХэкумкІэ къоІэ. Ауэ нобэ дунейм щикъухьа адыгэхэм я псэр Кавказ щІыналъэмкІэ щыІэу пІэрэ? Мыбдеж щыпсэу адыгэхэр дыхуейуэ пІэрэ ди лъэпкъэгъухэм я хэкум къагъэзэжыну?

РЕПАТРИАНТЫМ и махуэм хуэкІуэу и гупсысэхэмкІэ къыддэгуашэмэ ди гуапэу КъШР-м и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэщІэхъееныгъэм и тхьэмадэ Шэрджэс Мухьэмэд зыхуэдгъэзащ.


Шэрджэс Мухьэмэд

- Мухьэмэд, Хэкум къэзыгъэзэжахэм я махуэр шыщхьэІум и 1-м гъэлъэпІэн зэрыщІадзам къежьапІэ, щхьэусыгъуэ хуэхъуам и гугъу къытхуэпщІмэ ди гуапэ т.

- Сербием хиубыдэ Косовэ щІыналъэм зауэ къыщыхъея нэужь, абы щыпсэу адыгэхэр зэхэзехуэныгъэхэм хэт зэпыт хъуат. 1998 гъэм, шыщхьэІум и 1-м, Адыгэ Республикэм и Президент Джарым Аслъэн и фІыщІэкІэ Косовэ кърашри, цІыхуи 175-рэ къашэжауэ щытащ. Адыгэхэм хэкур зэрырагъэбгынэрэ япэ дыдэу гупу ахэрат адэжь щІыналъэм щыпсэу-ну къэзыгъэзэжар. ИужьыІуэкІэ шыщхьэІум и 1-м «Репатриантым и махуэ» фІащащ. Пэжщ, Къэрэшей-Шэрджэсым мы махуэр адрей махуэшхуэхэм хуэдэу щыдмыгъэлъапІэми, къызэрыслъытэмкІэ, абы пщІэ хуэтщІын хуейщ.

- Хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм ящыщу къэзыгъэзэжыну хуейхэр сыт хуэдэ лъэпощхьэпохэм къагъэувыІэрэ? Бзэм и ІуэхукІэ, псэупІэкІэ, лэжьапІэкІэ къызэгъэпэща зэрыхъум, кІэщІу жыпІэмэ, я къэгъэзэжын Іуэхум теухуауэ сыт къыджепІэн?

- Пэжыр жысІэнщи, дунейм щикъухьа хъуа адыгэ псоми къагъэзэжыну си фІэщ хъуркъым. Сыту жыпІэмэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, иджырей адыгэ куэдым я лъэпкъым лъагъуныгъэшхуэ хуаІэу схужыІэнукъым. Хэкум ис ди лъэпкъэгъухэми къахокІ «Дэ езым лэжьапІэ дгъуэтыркъым, ди псэукІэри щІагъуэкъым, хамэ къэралхэм къикІыжхэр дауэ мыбы зэрыщыпсэунур», жызыІэхэри. Арами, къэзыгъэзэжахэм я бжыгъэр псори зэхэту минищым нызэрохьэс. И нэхъыбэр Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ Республикэхэращ здэІэпхъуэжар, сыту жыпІэмэ нэхъыбэу а щІыналъэхэращ адыгэхэр здрахуауэ щытар.

НэгъуэщІ къэрал укъикІыу ди деж гъащІэщІэ щыбухуэным лъэпощхьэпо мащІэкъым пыщІар. Ауэ, зи Хэкур фІыуэ зылъагъум, абы къэІэпхъуэжыну хуейм и бзэри зригъэщІэнущ, лэжьапІи къигъуэтынущ. Нэхъыщхьэр абы ухуеинращ. Нобэ хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм адыгэбзэр яІэщІохуж. Абы езыхэри ирогузавэ. Мис иджыблагъэ, псалъэм папщІэ, Тыркум телефон кърашІыкІащ адыгэбзэр, къафэр ди ныбжьыщІэхэм ядгъэщІэну дыхуейщи, гъэсакІуэ къытхуэвгъакІуэ жари. Ди къэралым ущыпсэун папщІэ урысыбзэр умыщІэу зэрымыхъунур къэІэпхъуэжыну хуейхэм къагуроІуэ, икІи ар зэрызрагъэщІэным пылъщ.

- Иджырей гъащІэм Интернетым къыдит лъэкІыныгъэшхуэр уасэншэщ. Дунейм щикъухьа адыгэхэр абы зэригъэцІыхуфынущ. Ди зэпыщІэныгъэхэми укъытхутепсэлъыхьыну дыхуейт.

- ЗэпыщІэныгъэшхуэ диІэу схужыІэну къыщІэкІынкъым. Ауэ ди щІалэгъуалэм къахокІ ИнтернеткІэ хамэ къэралхэм щыІэхэм запызыщІэну пылъхэри. КъинэмыщІауэ, ди щІыналъэхэм къедгъэблагъэурэ, щыдогъэхьэщІэ, нэІуасэ дызэрызэхуэхъу-ным дыпылъщ. Тыркум, Израилым къикІыу ныбжьыщІэ 50 мыгувэу къытхуэкІуэнущ. Ахэр Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм тхьэмахуэ зырызкІэ щыхьэщІэнущ. Абыхэм ягъэзэжмэ, ныбжьэгъу яхуэхъуахэм ИнтернеткІэ, телефонкІэ, е письмокІэ зэрызэхуэтхэнум шэч хэлькъым. Хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм зэрытхузэфІэкІкІэ запытщІэну ди мурадщ, лъэпкъым зигу хуэузхэр нэхъыбэ зэрыхъуным дыпылъынущ.

- Хэкум къэзыгъэзэжам и махуэм - лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и махуэу къэплъытэ хъунум - адыгэ псоми захуэбгъазэу сыт яжепІэнт?

- Хамэ къэрал щыІэ ди лъэпкъэгъухэр я псэр къуэзауэщ зэрыпсэур. Сыт хуэдэ къэрал къулей адыгэхэр щымыпсэуми, ахэр абдеж щыхамэщ. Гукъеуэншэу псори адэжь щІыналъэм дисыжу зылъагъунухэм ящыщ Тхьэм дищІ.

Адыгэхэм захуэзгъазэкІэрэ, псоми селъэІуну сыхуейщ захъумэжыну, щІалэгъуалэм афиянымрэ фадэмрэ зыдрамыгъэхьэхыу, лэжьыгъэ тэмэмхэр зэрахуэу лъэпкъым хуэпсэуну!

ДЫЩЭКІ Анетэ.
Черкесск къалэ.

●Документы

МЧА просит ответить

Заведующему сектором Народов Кавказа Института Этнологии и Антропологии РАЕН члену-корреспонденту РАН АРУТЮНОВУ С. А.

Уважаемый Сергей Александрович!

В изданиях по итогам переписи населения РФ 2002 года в перечне национальностей, проживающих на территории Российской Федерации, значатся шапсуги, адыгейцы, черкесы, кабардинцы, которые имеют единое самоназвание «адыги» и относят себя к единому этносу.

Территория исторического обитания указанных субэтносов зафиксирована в российских, европейских и восточных картах вплоть до 19 века как «Черкесия». В российской исторической и художественной литературе обозначенные субэтносы вместе с «убыхами» именовались «черкесами».

В связи с вышеизложенным прошу Вас дать заключение: являются ли убыхи, шапсуги, адыгейцы, черкесы, кабардинцы субэтносами единого черкесского этноса?

С уважением
Каншоби АЖАХОВ,
Президент Международной Черкесской Ассоциации.

Это единый черкесский народ

Этноним Черкес и топоним Черкесия как обозначения народа и его страны на Северо-Кавказе появляются в армянских, грузинских, арабских, персидских, тюркских и др. исторических источниках с XIII в., вытеснив предшествующую этнонимическую номенклатуру - кереиты, зихи, джики, кашаги, касы, касоги, джаркасы и др. Этноним Черкес стал общеупотребительным в европейских и русских источниках XV-XIX в.в.

В то же время местное население неизменно называло себя адыгэ, хотя значение имели, видимо, локальные наименования, с которыми идентифицировали себя отдельные этнополитические образования - натухай, абадзех, жанэ, кабардей и др. Тем не менее, несмотря на определенные различия социального, культурного, языкового характера, с историко-этнографической точки зрения - это единый черкесский (адыгский) народ.

Исторические коллизии XIX-XX вв., связанные с бедствиями Кавказской войны, насильственным выселением значительной части черкесов в Османскую империю, административные преобразования, осуществленные царским правительством, а затем органами советской власти РСФСР и СССР, привели к образованию в Российской Федерации четырех территориально разделенных массивов черкесского народа, за которыми закрепились различные этнографические обозначения - шапсуги, адыгейцы, черкесы, кабардинцы.

Сравнительно недавнее (по историческим меркам) территориальное разобщение не привело к утрате в народе исторической памяти о генетической и культурной общности между этими группами. Современные исследования показывают, что этническое самосознание и основной пласт традиционной культуры у шапсугов, адыгейцев, черкесов и кабардинцев являются общими. Это свидетельствует о том, что названные группы можно считать субэтносами одного - черкесского (адыгского) народа.

Что касается убыхов, то этот народ, проживавший до середины XIX в. в верховьях рр.Сочи и Шахе, почти полностью выселен в Османскую империю. По сохранившимся письменным историческим свидетельствам, убыхи сами себя называли бً,ёхъ, хотя и в данном случае источниками зафиксировано лишь локальное наименование этой этнической группы.

Нынешние немногочисленные потомки убыхов, или те, кто считает себя таковыми (их зафиксировала перепись 2002 г. в РФ), являются носителями общечеркесского самосознания, разделяют черкесские (адыгские) культурные традиции, идентифицируют себя с основным массивом современного черкесского (адыгского) народа.

Краснодар крайм и щIыналъэ суд Iуэ хущIапIэм бадзэуэгъуэм и 28-м кIыщIа унафэм ипкъ иткIэ дыгъуасэ щхьэхуит къэхъуащ мазэ I I-кIэ СИЗО-м щаIыгъа, илъэсихкIэ хьэпсым исын хуейуэ унафэ зыгращIыхьауэ щыта Уэхъутэ Алек сандр Жамырзэ и къуэр.

Уэхъутэ Александр щхьэхуит къэхъуащ

ФИГУ къэдгъэкIыжьницы, Урысей Федерацэм щыпсэу адыгэхэм я щэнхабзэ автономием и тхъэмадэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академик, Урысейм и меценат нэхъыкIфхэм ящыщ зы, «Урысейм и щыху пажэ хэр» дамыгъэ лъапIэр зыхуагъэфащ, апхуэдэ фIэщыгъэцIэм щIэт щIэнигъаэз тхыльми зи цIэр иратха, псапащIэ щIэрыIуэ Уэхъутэ Алек сандр пцы къытраТхьэщ, залымыгъэ ирахыу яубыдри, и судыр ящIауэ щыгащ. Ипсысымнызырыхьэсэуи ар Краснодар къалэ дэт СИЗО-м щаIыгът.

УФ-м и УК-м и 160-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэр Уэхъутэ Александр къызэпиудауэ зэрыхуагъэфащэмкIэ къаIэтат уголовнэ Iуэ ху. Александр илъэсих къытезылъхьа судыщIэм кIыщта унафэмкIэ мыарзыуэ, Уэхъутэм и уэчыпхэм ятха тхыльхэм япкъ иткIэ, краевой судым унафэ кIыщтауэ щытат Iуэхум иджыри зэ районым суэхэлпхъэжьым хуейуэ.

ЩIэрыщIэу яублэ жа Iуэхум наIуэ къыщIащ «Фирма АВС-м хэта хьэрычэтыщIэхэм яку кьыдэхъуар зищIысыр, ахъшэр зэрызэIэпаха щыкIэмрэ ар здэкIуамрэ теухуауэ нэхъапэкIэ ямыгъэлъэгъуа дэфтэрэр, тхыльыпIэхэр, зэгурыIуэныгъэхэр зэрыщIыр. Суд пащхьэм къэршащ абы ипэкIэ зэи «къахуемышIэла» Бэдзэлды Iэмырбии (арат и мылъку фIишхауэ жиIэу Уэхъутэр игъэкъуаншэу суд Iуэму къэзыIэтар), фирмэм и бухгалтеру щыта Хьэмырзэри, Iуэхум хэтыну нэхъапэкIэ кърамыгъэблэгъа нэгъуэщI щыхьэт зыбжани. Уэхъутэр езыгъэубыдахэм жаIэхэм Я псатьитI и кIапэ зэрыщэтемыхуэжьыр, адрей щыхьэтхэм къагъэлъагъуэмрэ ар зэрыщIагъэбыдэ дэфтэр хэмрэ щэч къыдэIутмыхьэну зэрыщIытыр, нэгъуэщI Iуэхугъуэ пыухыкIахэри къаIытэн хуей хъащ уголовнэ Iуэхум щIэрыщIэу хэпльэжахэм. Апхуэдэ щыхьэтэхэмрэ дэфтэр хэмрэ ящыщ зы - Арслан (Хьэбацэ) Сэлам - судым кьитхар.

«Сэ, Арслан (Хьэбацэ) Сэлам, сыщыгъуазэщ «Фирма АВС-м и унафэщIу щыта Уэхъутэ Александр и щхьэ кьрикIуам. СощIэ ар щIагъэкъуанщэри. Ауэ апхуэдэ къуаншагъэ абы бгъэдэлъкыым, Урысейм и къэрал щыбым сызэрыщыщIэм кьыхэкIыу суд пащхьэм сыкьинхьэу ар жьызыIэфми. ХеящIэхэм сыныфхуэтхэным щхьэусыгъуэ хуэхъуар Бэджэндлы Iэмырбий сыкьинлъыхъуэу игъащIэкIэ си щхьэ тезмылъхьэн лъэIукIэ зэрызыкьыхсхунгъэзарщ. Абы кьыспнубыдыр - щыхуэхейр пцIыкIэ гъэулъиныр - сэ зэи схуэщIэнукъым. ИкIи Бэджэндлым кьыслэрэнгъэжьа тхыгъэм фэ нкIэщIыпIэкIэ фыщIызгъэгъуэзэн хуейуэ кьызолъыт».

Хьэбацэ Сэлам и тхыгъэм дэщIыгъущ кьекIуэкIам щыхьэт нэпцI зэрытехьэну щыкIэр къыщигъэлъэгъуауэ Бэджэндлым зэкIэлъха письмор. И лъабжьмэ деж мыхуэдэу кIэщIэтхэжауэ: «Мы иджыпсту укъызэщIэжэр тегъэкIыж!!! Адрейм уи цIэунэцIэр иту, напкIуэцI къэун Iэпэ щIэдзауэ судым и цIэкIэ кьеГъэхь!!!»

ХеящIэхэм, экспертхэм, прокуроРым, узчыпхэм я кьалэнкI Iуэхум ехьэлIауэ къаIэта тхылъымпIэхэмрэ дэфтэрэхэмрэ я пэжагъэ зэкэтэжкIынырти, бадзэуэгъуэм и 28-м Краснодар краевой судым иригъэкIуэкIа зэIущIэм ар наIуэ къыщыхъащ.

- Иужьрейуэ кьыкъуэкIа щыхьэт тхылъхэм кьагъэлъагъуэ зи гугъу ящI уголовнэ Iуэхумкъ Уэхъутэм кьуанщагъэ зэрыбгъэдэмыхтыр, - жиIащ прокурором. - Апхуэдэу щыщыткIэ, ар адэкIэ хьэпсым щыIыгъын хуэмейуэ, дзыхь хуэпщIу бутIыпщ хъуну кьыдолъытэ. Iуэжр и кIэм нэсу зэхэгъэкIын, къуэншар жьауапым етшэлIэн папщIэ Уэхъутэ Александр и щыхьэт судыр хуеинущ. Абы кьыхэкIыу, деджэмэ кьызэрыдгъэуэтынум и джэлэсу сом мин 500 судым иритын хуейщ. Iуэхуэ зэкIмэ ирагъэжьыну. Уэхъутэ Александр и щхьэ кьрикIуэкIам абы теухуауэ иIэ гупсысэхэмкIи мыгубзу кьыддэзгъэшэну дыщогугъ.

НЫБЖЬ Танс.

АНСЫКЪУЭ Зулфикъар

Си сабиигъуэм и уэрэд

Си гуапэщ жэщ къэсыху слъагъуну пщIыхь, -
Д пщIыхьхэм хэту щытмэ Къэбардейр.
Кьысфlокlри си бгъэм, си гум къельэтыхь.
КIуэжьынт, лъэкIамэ, си хэкужь пщэдей.

Каир, Дамаск, Амман сэ сыщыдэткIи,
ЩIэгъабфIэр си гупсысэхэм уэрэщ.
Д къалэхэр щрырет фIы дыдэу хэткIи -
Хэхэсу гъащIэр ахэм сэ щысхьащ.

Сэ Истамбул бззэрым сфIэфIщ сыкIуэну -
Щыгъэхьзох абы «ФIэхъус апщийр».
Апхуэдэм деж си нэпсхэр кьысфIекIуэну
Хьэзыр сыкъохъу, сыхуэдэу сэ сабиим.

«Упсэ апщий!» - стыжамэ сэ жэуапыр,
Си адыгагъэм си щхьэр сегъэIэт.
Хэкужь кьикIахэм сокъуз я Iэр гуапэу,
ЗащызмыгъэнщIу куэдрэ сабгъэдэтщ.

Апхуэдэм деж Босфорым техьэ пшагъуэм
Полъэщыр си гум дыгъэ кьыщепсар.
Сыпхоплъри пшагъуэм, сэ солъагъу си вагъуэр -
Си Iуащхьэмахуэ щыгу щызэщIэнар.

Си сабиигъуэм и уэрэд мыр хъуауэ,
КьыздызохъэкI сIурылъу: «Къэбэрдей,
Си дуней, си дуней...». Тхьэр кьызэхъуэхъауэ
УзиIэщ уэ, бгъэнэхуу си пщэдей!

Тырку, Сивас.

Зэпеуэм фыхэт!

Ди тхыдэм теухуауэ

Адыгэ Республикэмрэ Краснодар краймрэ щыIэ Адыгэ Хасэхэм зэпеуэ кьыхальхьаш «Пасэрей зэманым кьыщыщIэдзауэ ди нобэм кьэсыху адыгэ лъэпкым кьикIуа гъуэгуанэм и тхыдэ» учебникмрэ хрестоматиемрэ иджырей щIэныгъэ жыпхъэм тегу, дуней псом щызэфIэкIыжьыда ди хэкуэгъуэм ятеухуауэ Урысей Федерацэм щыIэ къэрал политикэри Iуэхум кьыхэлъытауэ зэхэлъхьэн хуейщ.

Тхылъэр щагъэхьэзыркIэ Iэмал имыIэу лулъытэ хуащIын хуейщ ар зэрытха бзэм, 8-нэ, 9-нэ классхэм щеджэ сабийхэм я дежкIэ ар зэхэщIыкIыгъуэу, Iыхьэ-IыхьэкIэ эпыу дауэ, зыгъэуфа Iэужгъуэ елытакIэ зэщхьэщыхауэ щытыпхъщ. Апхуэдэу тхылъым адыгэм и тхыдэм и мызакъуэу, абы и щэнхабзэм, лъэпкым къыдекIуэкI адыгагъэм, хабзэм щыгъуазэ ухуищIу щытын хуейщ. Зэджар къаззэрыгурыIуар кьозыгъащIэ упщIэхэр, я гупсысэкIэм зезыгъэужь лэжьыгъэ зэхуэмыдэхэр хэтщ эи гугъу ящI Iуэжугъуэхэр сурэтхэмкIэ, картэхэмкIэ гъэнэIуауэ тхылъыр зэхэгъуэвэным мыхьэнэщхуэ иIащ.

Iэрытхыр компьютеркIэ тедзауэ, экземплярытI хъууэ Адыгэ Республикэмрэ Краснодар краймрэ щыIэ Адыгэ Хасэхэм я хэщIапIэм 2010 гъэм щыщхьэIум и 1-м щыщIэдзауэ фокIадэм и I хъуху ебгъэхь хъунущ.

Зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым лэжьыгъэ нэхъыфIыр фокIадэм и 10 пщIондэ кьагъэльэгъуэнущ. Кьыхаха лэжьыгъэм реценэз хуатха иужь, абы и авторым гонорар иратынущ, Iэрытхыр тырКIубзэкIэ зэрадзэкIынущ.

Зэлъэпкъэгъухэр зэфэзыщэрэр макIэп

Хэгъэгу зэфэшъхьафмэ ащыпсэуэрэ зэпльэпкъэгъухэр зыхэлъкIэхэкIэ ядыгабзэ зэгурегъаIох. Хьурымэ Хьэсан Иорданием щыщ, Блэнэгъэпцlэ Издин Израиль щэпсэу, Тхьаркъохьо Налбый Адыгэ Республикэмкlэ Кощхьэблэ районым administрацие ипащ.

ЗЭЛЪЭПКЪЭГЪУХЭР зэ лыкIох зу заублэм апэу Адыгэ хэгъэгум кьеблэIуэ гъогум кьытехьагъэмэ зищIысыжьыр Хьурымэ Хьэсанрэ Блэнэгъэпцlэ Издинрэ. Дунэе Адыгэ Хасэм иIофшIэн Хь. Хьурымэр чанэу хэлажьэ, зэфэхсэн кьащэгъущIэ. Иорданием и Адыгэ Хасэ ильэсыбэрэ ипэщагъ.

- Къэбэртэе-Бэлъкьарым, Къэрэщэе-Щэрджэсым, Адыгеим ныбджэгъубэ ащысIэ хъурэ, - еIо Хьурымэ Хьэсанэ. - Сызытехьэгъэ гъогум, сыфэмынэIуасэу бэрэ кьыхэкIыми, сыгумэкIырэп. Адыгабзэр сэшIэшъ, сызыфаем сыкIэупчэн сэлъэкIы. СинэIуасэхэмрэ синыбджэгъухэмрэ яшIуагъэкIи сIофхэр лъысэгъэкIуатэх.

Блэнэгъэпцlэ Издин Израиль ит адыгэ кьуаджэу Кфар-Камэ футболымкIэ кIэлэцIыкIу тренерэу щэлажьэ. Иныбжьыкlэгъум кьэлэпчъэIуатэу футбол ешIэщтыгъ. Хэгъэгум иэзнэхьокьумэ ахэлажьэщтыгъ. Издинрэ ишъхьэгъусэу Минэрэ шъэуитIурэ зы пшъашъэрэ зэдапIуГъ. ЯдIалэу

Нарудин футболым пыщагъ, Адыгеим кьыззэкIом ныбджэгъу зэнкъокьумэ иIэпэIэсэныгъэ кьащигъэльэгъуагъ.

Диным Блэнэгъапцlэхэр фэшыпкIэх, нэмэз ашыныр яплъэрыль лъапIэу алыытэ. Спортымрэ Iуныигъэмрэзэрэзэпхыгъэхэр кьыдальытэзэ, ныбжьыкIэмэ ягъэсэн яIахь хащIыкIэ.

- Тильэпкъэгъуэгъэ зыслъэгъуэкIэ сэгъушIо, - еIо Кощхьэблэ районым и administрацие ипащэ Тхьаркъохьо Налбый. - Нахьыбэрэ тызэныкIом фае. Iэнэ хэлажьэу ящIэрыльхьэрэ адыгэхэри хэкум нчIыгу иэIуасэ щызэфэхьух. Дунэе фестивальхэр, спорт зэшукIэгъу гъэшIэгъонхэр тиреспубликэ щыкIохэ зыхьукIэ тильэпкъэгъуэгъэ яплъынхэу кьызэрэкIох эрэр дэгъу. Екьыхэми яIэпэIэсэныгъэ нахьышIоу кьащагъэльагъо тщIоигъу.

Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ театрэ щыкIорэ спектаклэмэ хэгъэгум кьэзыгъэзэжкьыгъэмэ ямэфэкI мафэ, фестивальхэм ащытлъэгъуэрэ тильэпкъэгъуэмэ апчъагъэ зэрэхахьорэм тегъэгушхо, тинеущыгъэ мафэ нахьыбу зэрэхъущIым цыхьэфытегъэшIы.

БЭГЪУЩэ Аэмэт.

Блэнэгъэпцlэ Издин, Хъурымэ Хьэсан, Тхьаркъохьо Налбый АР-м и Лъэпкъ театрэ гущыIэгъу щызэфэхьугъэх.

Адыгэхэм кьытхужьаIар

Псоми йофIэкI

Кавказым ис лъэпкъ псоми нэхъыр нэхъ лъэщIу, нэхъ инщ адыгэхэр.

Маркграф О.В.

Пэхъун щыIэкъым

Щэрджэсым хьэщIагъэкIэ пэхъун щыIэкъым, хьэщIэр тхъэм и пащхьэ кьикIауэщ абы зэрилъытэр, и псэр кьэщIэм щхьэкIэ итыфынущ.

Лукка Джновани.

Ди нэгу кьыщIагъэхьэж

Щэрджэсхэм ди нэгу кьыщIагъэхьэ ж Германиемрэ Франджыйрэ я япэ пащтыхьхэм я пъхъэнэр. Курыт лъэщIыгъуэхэм псэуа лIыхьэсэжьхэмрэ пасэрей ильыдж лIакъуэлIэшхэмрэ я щапхъэщ нобэрей щэрджэсхэр.

Дюбуа де Монпере.



Пащтыхь Александр ЕтIуанэм и адыгэ гвардиер. *1860 гъэ*

Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Адыгэ зауэлI.
Сурэтыр **ШТЕРН Бернард** *ищIащ. 1863 гъэ*

Адэжь лъахэм и жыг хадэ

Жэрдэм

КъБР

ИОРДАНЫМ щыпсэу адыгэхэм я лыкIуэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщlакlуэ гупым хэт Щыгъэн Гъэни ящыщщ хамэ кьэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм кьахэкIыу Хэкум япэ кьэкIуэжахэм - 1969 гъэм Иорданымрэ Сириемрэ кьыщыхьуа адыгэ щIалэ зыбжанэ адэжь лъахэм кьихьэжат...

- Ауэ Налшыки Мейкьуапи дыкъэсакъым абы щыгъэ, - игу кьеГъэжьы Гъэни. - Сэ Москва сыкъыщыувыIащ, урысыбзэр зэзгъэщIэн хуейти, си гъуса щIалиплIыр Ростов кIуащ. ЕджапIэ нэхъыщхьэм зэрыщIэтIысхьэ пэщIэдзэ курсхэр а щIыпIэхэм кьыщыдуха нэхъ, тхури Налшык дыщызэхуэзэжащ икIи дыщызэдеджащ: сэ ухуакIуэ-архитектор IэщIагъэр ззэгъэгъуэтащ, си гъусаэр дохутыр хъуащ.

Хэкум кьыхуач япэ лъэбакъуэм и щхьэусыгъуэр щIэныгъэ зэгъэгъуэгъуэмрэ Гъэни и мурад нэхъыщхьэхэр абы и закъуэтэкъым зыхуурэнэтIар - ар хуейт адэжь лъахэр псэупIэ хуэхъужыну, унагъуэ щиухэну, зэрыжаIэу, и гъащIэри и лэжьыгъэри абы ирипхыну. Апхуэдэ хъуэпсапIэхэр зэбгъэхъулIэныр тыншу зэрыщымытар, абы папщIэ тегушхуэ уиIэн зэрыхуеяр къэплъытэмэ, кьыбгурыIуэнущ хэхэс гъащIэр Iэщlыб ящIу кьэкIуэжжэм я гур зыIэтри, кьэмыкIуэжьифхэм я лъэр зыубыдри.

- ПIэщIыгъуэ блэкIам и 60 гъэхэм зи щIалэгъуэр иригъэзэлIа хэхэс щIалэ гупым Хэкум дыкъэкIуэжьипэн дэнэ къэна, ди гупэр мыбыкIэ къэдгъэзэну ди щIыхьэпIэ кьыхэмыхуэнкIи хъунт, а зэманым ириизэлIэу лажьыгъэ Iэхуэкъэ Иорданым нэкIуэ къулыкъущIэ гупым Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Шэджыхьэщ Мухьэмэд яхэмытамэ, - жеIэ Гъэни. - Абы къыджиIащ Налшык дэт университетым дыщеджэ, ар ди гъуэгуу Хэкум дыкъэкIуэж зэрыхъунр. Иджыпсту хуэдэу сощIэж Хасэм хэт щIалэ жан гупыр дызэрыгъэгушхуэжу къэрал пщэрыльэ иIэу кьэкIуэ адыгэлIыр ди Хасэм и хэщIапIэм къызэрадгъэблэгъар. Адрей Хасэхэм ар ягу къэмыкIуэ арами темыгушхуами сщIэркъым, ауэ хьэщIэм и хьэбар щызэхахым, псори ди деж кьыщызэхуэсат. ЗыщIэупщIэн яГъэтынтэкъэ, лъэныкъуитIми я Iуэху зытет зэрагъащIэу псалъэмакъыр ирублэри куэдым я гугъу ящIащ. Хэхум адыгэ дапщэ исыжми ди нэхъыжьхэм ящыщ зыр щIэупщIэу, а зэманым адыгэхэр зэрыхъуу щыта бжьыгъэр щIэзэхихым, «Ар сыту мащIэ? - жиIэри игъэщIагъуэу и щхьэр ищIащ. Апхуэдэ жэуапыр адрейхэми гущIыхьэ зэращыхъуар щильафэрэ, щIыпIкIэр нэщхьыдпIэ кьыщIыжьи мурадкIэ, «Фэ къэвгъэнаращ щыIэр, тхьэмадэ, нэгъуэщI диIэкъым», - жиIат Шэджыхьэщ Iэм.

Хамэ къэрал кьыщыхъуауэ Хэхум кьэзыгъэзэжахэм я хьыбархэм ущедаIуэкIэ, къэзыIуэтэжхэр зэрызэмыщхьым хуэдэу, ахэр адэжь лъахэм кьызэрихьэжа гъуэгухэри ззщхьощкI. Хэти гугъусыгъу Iэджэ и нэгу щIокI, хэти ар нэхъ тыншу кьохъулIэ, къэралым кьихьэн, абы щыпсэуп папщIэ хуитныныгъэ кьыщадэтыным илъэсипщI бжьыгъэкIэ пэплъи, чэнджащэ кIыхьым зыкъримыгъэIэтуэр зи гугъэхэр щIэужьыхьэжаи, зыIэзыбжьэу къэIэпхъужаи яхэтщ абыхэм. ЩIыгун Гъэни Хэкум и къэзрихьужаи и гугъу щищIкIэ, и нэгум ибольагъуэ и хъуэпсапIэр зэрызригъэхъулIэрам нобэр кьызэсым гурыфIыгъуэ кьызэрыритыр, ар и ехъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэу кьызэрильытэр. А гуфIэгъуэр кьыдагъуэ Гъэни и унагъуэм исхэми - и щхьэгъусэ ФатIимэрэ ихьу Сэтэнейрэ. Псалъэм кьыдэкIуэу кьыхэдгъэщынщи, Сэтэней туризмэм епха IэщIагъэм Москва щыхуэдж, зэреджэм кьыдэкIуэуи Иорданым и авиалинэхэм стюардессу щолажьэ.

- «Хэкум и IэфIагъэр нэхъыфIу зыхэзыщIэр абы пэIэщIэ хъурщ» жаIэ, - кьыпещI Гъэни и пылъэм. - Абы хуэдэщ адэжь лъахэм кьыщамылъхуауэ ар зэзыгъэгъуэтыжьифам зыхищIэ гурыгъуэ гурыщIэхэри. Дз щыщIыкIэрэ ежьа лъэхъэнэм елъытауэ иджы куэдым зихъужажащ, апхуэдэ лъабакъуэм утегушхуэныи Iэджэкlэ нэхъ тынш хъуащ. «Хэкум исщ зэрыхьу сыжьщ, я Iыхьэ Iэфlыи дыджми ядзэгушыпщ», - а гупсысэхэрат си гъуэгугъэ-лъагъуэу щытар, армыхъумэ, мылъку е Iащщэр щыкъэ тынш щыIэ сыпльыхъуэтэмэ, сча лъабакъуэм сыщIыхуущIегъуэуэнэ е нэхъ лейуэ сызыщыгуфIыкIыни, шэч хэмылъу, срихьэлIэнт.

Хэкум кьэзыгъэзэжахэм я махуэр гъэльэпIэным теухуауэ иIэ епльыкIэхэмкIэ кьыщыддэгуашэм, ЩIыгун Гъэни кьажигъэщащ гупсысэ гъэщIэгъуэн.

- А махуэр дахэщ, щыIэни гъэлъэпIэни хуейщ, - жеIэ Гъэни. - Ар япэу зигу къэкIахэмри нэрылъагъу хъуным зи гущIэ хэзылъхьэ, ахэмри фIыщIэшхуэ яхуэфащэщ. Апхуэдэ щыкIэкIэ хэкурысхэм къаIуатэ адэжь лъахэм кьэкIуэжахэми ар зэкIэ кьыззмыхъулIа ди лъэпкъэгъуэмэ зэрахущытыр. Хэхэс адыгэхэмрэ хэкурысхэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр нэхъ быдэ зыщIыну, кьэкIуэжжэр нэхъыбэ зыдэхъуну Iуэхугъуэхэм ящыщу кьызолъытэ «Адэжь лъахэм и жыг хадэ» (е абы хуэдэ зыгуэр) фIэтщу, хамэ къэралхэм кьикIыну лъагъунлъагъу кьакIуэ адыгэхэм жыг щыхасэ хъун щыщIыпIэ ахухэтхэмэ. Ялъ щыкIэ, «Хэкужьым щыхэтса жыгыр дауэ хъуауэ пIэрэ?» - жаIэнщ, етIанэгъэми кьытрагъэзэнщ, я жыг здэщыIэм я уна-лъапсэри щагъэувыжыным епха гупсысэхэри я щхьэм кьихьэнщ.

ИНЭРОКЪУЭ Гуащэ.



Енэмыкъо Мэулид

Енэмыкъо Мэулид игупшысэ заф

ЦIыфы пэпчъ мы дунаишхом щыгъогурыкIу. КIакуа е кIыхьа а щыIэныгъэ гъогур? Ар Тхьэм пфыхихыгъэу, унэтIэгу ритхагъэм елъытыгъ. Щэч зыхэмылъыр, ухэтми а лъагъор, гъогур зафэу зэрэпкIун фаер ары.

ЦIыф щыIэп игъашIэ дэгъу закIэу зэхэлъэу. Хэти къини, гушIуагъуи бэ щызэпичэу щиушэтырэр щыIэныгъэм. Ау зынахь тхьамыкIагъо щымыIэр уичIыгужъ, уихэку, уилъэпкъ, Iахьыли-лыщыщи уапэIапчъэу, хымэ нэпкъымэ уакIэрысэу, IэкIыб къэралымэ уарысэу, «хэхэсыцIэр» уиIэныр ары.

«Хэхэс» гущыIэм къикIырэм къыкIэупчIэнхэри щыIэх. Хэхэс -Iахьынчъэ лъэпсэнчъэу, лъэпкъынчъэу, къурэ цIыкIу закъоу, е зэраIоу, «къурэшъхьапэ къыпызыгъэу» упсэуныр, ущыIэныр къекIы сызэрэгугъэрэмкIэ.

Ныбэщиз ошхэу, сомэ такъыр къэолэжьыкIэ шъоми лыми ахэхъонышхо щыIэп, анахь мэхьанэ зиIэр - гум зызэриIэтэу, псэм фабэ зэригъотырэр ары. Джащ пае плъакъо (плъапсэ) пытэу щытыныр апэрэй: уилъэпкъ, уилIакъо, уиунагъо, къыппэблагъэу уигупсэхэм ятхъагъо, ягупсэфрэхьат зэхэпшIэнхэр амалышIух. Джащыгъум, ухэтми насыпышIоу укъэхъугъ.

УСАКIОУ Енэмыкъо Мэулид Тыркуем щыщ, ащ щапIугъ, щалэжьыгъ, ау адыгэ. IэкIыб къэралым къикIыжьи зихэкужъ зэзыгъэгъотыжьыгъэмэ ащыщ. Лъытэныгъэ анахьэу фэозгъэшIырэр, ихэку пэIапчъэу къэтэджыгъэми, зыхэс хъугъэхэ цIыф лъэпкъым ахэмыткIухьэу, иадыгабзэ, иадыгэ намыс зыIэкIиубытэнхэ, къыгъэгъунэнхэ зэрилъэкIыгъэр ары. Иадыгабзэ рыгущыIэ къодыерэр арымырэу, литературэбзэ бай зэрэIэкIэлъыр иусэхэм, игупшысэ тхыгъэхэм нафэ къытфашIы. Акъыл занкIэкIэ Тхьэр къызэретагъэм ишыхьат Тыркуем есыфи тырку усэкIо ыкIи тхэкIо цIэрышхэм атхыгъэхэр Мэулид адыгабзэкIэ зэридзэкIыхэу, ахэр ежь фэдэ адыгэхэм анигъэсэу зэрэщытыгъэр. Енэмыкъом итхыгъэ зэфэшхьафхэр Тыркуеми (къызэкIожь уж) Адыгеими журналхэм, гъэзетхэм къащыхаутыгъэх. КIэрэщэ Тембот ироманэу «Шыу закъоу», МэщбэшIэ Исхьакъ ироманхэу «Бзыикъо зау», «Мыжъошъхьал» зыфиIохэрэр тыркубзэкIэ зэридзэкIыхи, Истамбул къыщыдигъэкIыгъэх.

Енэмыкъо Мэулид ылъэгъугъэу, пэкIэкIыгъэм бэ зэрагъэгупшысагъэр, зэфэхьысыжь гъэшIэгъонхэр ышIызэ, усэхэр ыкIи поэмэу «Къушъхьэ гупшысэхэр» зыфиIорэр къыздэхьагъэхэ иапэрэ тхылъэу а цIэ дэдэр «Къушъхьэ гупшысэхэр» зыфишIыгъэр АР-м итхылъ тедзапIэ 2005-рэ илъэсым къыщыдигъэкIыгъ.

Енэмыкъо Мэулид зыфэдэ усакIор, игущыIэ, ипоэзие зыфэдэу зынэсырэр, ышъхьэкIэ зэхишIэрэр цIыфыбэм зэлъядгъашIэмэ, сыд фэдэрэ лъэхъани зиныдэлъфыбзэ зыIэкIэзым егъэзыгъэу, зыгъэфедагъэу, ащкIэ къыIорэ усэхэр гужьдэкIыгъо зыфэхъугъэхэ гупшысакIоу Енэмыкъор зыщыщ адыгэхэу къызхэкIыгъэхэу джы къызхэхьажьыгъэхэм нахь ашIэн ыкIи кIырыплъынхэу (бзэухъумэнымкIэ) тэгугъэ. Джы шъукъядэIу Мэулид иапэрэ тхылъэу «Къушъхьэ гупшысэхэр» зыфиIорэм дэт поэмэм къыхэхыгъэ пычыгъохэм.

МАМЫРЫКЪО Нурет.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ** Элинэ *трихащ*.

Лъэпкъым папщIэ

Урыс-Кавказ зауэм щыгъуэ хэкур зрагъэбгынахэм я щIэблэщ егъэджакIуэ, тхакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент Къалмыкъ Аднан. Ар 1944 гъэм Сирием щыщ Хъанасир къуажэм къыщалъхуащ, абы къыщыхъуащ, и адэжьхэр зыщIэса пэщIэдзэ еджапIэми къалэхэм щыIэ школ зыбжанэми егъэджакIуэу щылэжьащ. 1977 гъэм и унагъуэр и гъусэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къигъэзэжащ, къуитIрэ зыпхъурэ иIэщ, абыхэм я бынхэм яхуэгумащIэ адэшхуэ Iумахуэщ. И гукъеуэр и шыпхъуищымрэ и адэ-анэмрэ Сирием къызэрыщынарщ...



Къалмыкъ Аднан

- УРЫСЫБЗЭР сщIэртэкъыми, сыт зпэжьынуми абы силъахъэрт, - игу къегъэкIыж Аднан. - Апхуэдэу щыхъум, КъБКъУ-м сыщеджащ. Абы Iэмал къызитащ Налшык и курыт еджапIэ №14-ми Кэнжэ дэт школми егъэджакIуэу сыщылэжьэну. АрщхьэкIэ пенсэм сыкIуэху а IэнатIэм сыпэрытыфакъым, адыгэбзэр зэрырагъэдж щIыкIэр фэрыщIу къысщыхъурти. ПцIыупсыфэ зэсплъыжырт, сабийхэр анэдэлъхубзэм хуезгъаджэ хуэдэу, ауэ абы мыхьэнэуэ иIэр къагурызмыгъэIуэфу къысщыхъурт. Я гупсысэм схухэпщэртэкъым нэхъыщхьэр. Абы и щапхъэу зы къэсхьынщ. Псори адыгэбзэ йоджэ, къуажэхэм дэсхэр зэрыпсалъэр анэдэлъхубзэрщ. Уэрамым укъыдыхьамэ, плъагъур сыт? Тыкуэнми, шхапIэми, нэгъуэщI IуэхущIапIэми я цIэр урысыбзэщ е хамэ къэралыбзэщ зэрытетхар... Анэдэлъхубзэм и къарур, абы пщIэ зэриIэр я нэгу щIэмытмэ, ягу иплъхьэнуи гугъу мэхъу.

Къалмыкъ Аднан усэхэр, зыгъэпIейтей Iуэхухэм теухуа тхыгъэхэр етх, зэредзэкI. Дунейм къытехьащ «Езыр си щIасэщ, ещхьэр си жагъуэгъущ» зыфIища и усэ тхылъ, адыгэбзэр зымыщIэхэр зэрызэпсэлъэным хуэзыгъасэ «Зэпэдзыж тхылъ», филологие щIэныгъэхэм я доктор ХьэкIуащэ Андрейрэ абырэ зэгъусэу къыдагъэкIащ ЦIагъуэ Нурий теухуа лэжьыгъэр, Iэпщацэ Захъра и тхылъым и япэ Iыхьэ «Сосрыкъуэ и кIуэдыкIар» хьэрыпыбзэм кърихри адыгэбзэм къригъэтIэсащ.

- Лъэпкъым, цIыхухэм сазэрыщхьэпэн гуэр сщIащэрэт жысIэу сылажьэу аращ, - жеIэ Аднан. - ЦIыхум дэнэ щIэныгъэ къыздрихыр? Йоджэ, мэчэнджащэ, мэупщIэ, мэгупсысэ. Сэ нэхъ си гъунэгъур тхэнращи, тхыдэр тегъэщIапIэ сощI, сызыщымыгъуазэм сыщIоупщIэ.

Иужьрей зэманым Аднан щолажьэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм. А IэнатIэр къызэрыщыхъум, кърит гурыщIэхэм теухуауэ абы жеIэ:

- Газетым зыщIыпIи щызмыгъуэт адыгэбзэмкIэ щопсалъэ, адыгэ хабзэри щызолъагъу.

Къалмыкъ Аднан нэгъуэщI зы IуэхуфIи пэрытщ: абы хамэ къэралхэм къикIыжа ди лъэпкъэгъухэм, ди республикэм и цIыхухэм ящыщхэр адыгэбзэм, хьэрыпыбзэм хурегъаджэ.

Зытхыжар
БЛИЙ Даянэщ.
Сурэтыр
КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ*.

Губгъэн къэсхьынкIэ сышынэми...

Нэхъыжьым и псалъэ



Шыпш Ауни

Тыркум и Узун-Яйла щIыпIэм хыхьэ Шыпшхьэблэ къуажэм щыпсэуа Шыпш Ауни адэ хэкужьым къызэрыкIуэжрэ мазиплIым нэблэгъащ. А зэманым кърнубыдэу илъэгъуамрэ зыIущIамрэ къызэрыщыхъуар, адэкIэ и мурадхэр зэдгъащIэмэ ди гуапэу Ауни зыхуэдгъэзащи, къыджиIахэм фыщыдогъэгъуазэ.

- ЯПЭРАУЭ, фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ адыгэхэр щыпсэу республикищри, си лъэпкъэгъухэм я псэукIэри, лъахэм и щIыпIэ дахэхэри сэзыгъэлъэгъуахэу зи лъагъуэм сытету сыкъэкIуэжа, си шыпхъум и къуэ, «Борэн-текстиль» фабрикэм и къызэгъэпэщакIуэ Шыкъ Борэн, хьэрычэтыщIэ Сэбаншы Назми, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщIхэми.

Губгъэн къэсхьынкIэ сышынэми, жызмыIэу схузэфIэкIынукъым: Тыркум щызгъэкIуа илъэсхэр гъащIэм хэзбжэнкъым жызегъэIэ иужьрей мазэхэм слъагъум. Тхьэм жиIэмэ, къысхуэнэжа гъащIэр мыбы щызгъэкIуэну си гугъэщ. СыкIуэнщ Тыркуми, си шыпхъухэр, къуэшхэр слъагъун щхьэкIэ, ауэ си псэр зэпха лъахэм сикIыжыпэну зэкIэ сигу къэкIыркъым.

Тыркум сыкIуэмэ *(Ауни адэжь лъахэм гурэ псэкIэ зэрепхар къигъэлъагъуэу къысщохъу игъащIэ лъандэрэ щыпсэуа Тыркум «мыкIуэжу» «кIуэну» зэрыжиIэм. И. З.)*, сцIыхуу хъуам Iэмал имыIэу яхуэсIуэтэнущ Къэбэрдейм щыIэ хабзэ, псэукIэ дахэм, зэхэтыкIэ екIум и хъыбар. Си ужьым къиувэнри, сызэригугъэмкIэ, мащIэкъым. ДыкIуэжыпарэт жаIэн щхьэкIи зэ къэкIуэн хуейщи, сетIысэхмэ, цIыху нэхъыбэм хэкур езгъэлъагъунымкIэ схузэфIэкI къэзгъэнэнукъым.

Мыбы къыщысцIыхуахэм сызыгъэщIэхъуа яхэткъым. Берычэтыр яIэну си гуапэщ, къытщыгуфIыкIыу, къытхуащIэр яфIэмащIэу къыдбгъэдэтщи. Си нэгу щIэкIар, хъуэпсапIэу урикъуну щIыпIэ къудейр ялъагъумэ, къэмыкIуэжыну Iэмал иIэкъым си цIыхугъэхэр, Iыхьлыхэр жызоIэри, абы согупсыс.

АдыгэбзэкIэ щеджэ, щыпсалъэ щIыналъэм ущыпсэуныр ар насыпышхуэщ. Апхуэдэ Iэмал Тыркум щыIакъым, иджыщ адыгэбзэ тIэкIу зрагъэщIэжыну яужь щихьари, хамэ къэралхэм щыIэ Хасэхэм деж адыгэбзэр зэрыщрагъэджым фIы куэд къиишэну, зыпэрыува Iуэхум ехъулIэныгъэ щаIэну си гуапэщ.

Мыдрейуэ фи газетыр къэзгъэсэбэпу сыхуейт хэкурысхэм захуэзгъэзэну: бзэм, лъэпкъым ятеухуауэ иIэ насыпышхуэм зи гур щызу щыгуфIыкIыфын, и псэ къулеягъэр хэхъуэ зэпыту псэун лъэпкъ Тхьэм дищI. НобэкIэ ди хъуэпсапIэ нэхъыщхьэр адыгэр куэду зэхуэсыжауэ тлъагъунырщи, ди нэр къызыхуикIым IэкIэ дытеIэбэну си гуапэщ.

Зытхыжар
ИСТЭПАН Залинэщ.
Сурэтыр
КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ*.

ФIыщIэ жыг зырыз яхухэфсэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

ХЭКУМ сыкъызэрыкIуэжрэ зызоплъыхь, сызыщIодэIукIри, зызогъапщэ: хамэщI щыпсэу адыгэхэм а къэралхэм я унафэщIхэм къыхуаIэ бгъэдыхьэкIэмрэ Урысейм и лIыщхьэхэр адыгэхэм къазэрыхущытымрэ. КIэщIу жытIэнщи, а зэ хущытыкIэхэм шурэ лъэсрэ я зэхуакущ. СымыгъэщIэгъуэн слъэкIыркъым СССР-р зэрылъэлъэжрэ къэрал хабзэхэм къыдата хуитыныгъэ хэр нэсу къызэрыдмыгъэсэбэпыр. Ди щхьэм крикIуам хуэдиз къызыщымыщIа лъэпкъ цIыкIухэм яхузэфIокI къэрал гулъытэ зыхурагъэщIын.

Хэкум къэгъэзэжын Iуэхум теухуауэ куэдым я щхьэфэ диIэбэфынущ... СССР-р лъэлъэжа нэужь, хамэщI адыгэ хэм я къэкIуэжыныр нэ хъ хуит хъуами, ди къэралышхуэм и щIыбыр адыгэхэм яхуигъэзауэ щытащ жыпIэфынукъым. Уеблэмэ, а зэманым щыIа лъэпкъ политикэм и фIыгъэщ хамэщI адыгэхэм ящыщ зыкъом илъэс зыбжанэм кърнубыдэу хэкужьым къызэрыкIуэжар.

Адыгэхэм «Жьым щытхъуи, щIэр къащтэ» жаIэми, дызытепсэлъыхь Iуэхум тещIыхьауэ «ЩIэм дыщытхъуу, жьыр къэтщтэжащэрэт!» - жозыгъэIэ гуэрхэр хэлъщ. «Хэку» жылагъуэ зэгухьэныгъэр Москва къыщызэрагъэпэща нэужь, ди нэхъыжьыфIхэм а Iэмалыр къагъэсэбэпри, абы и къудамэ Налшык къыщызэIуахат.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм ящыщ зы - ШэджыхьэщIэ Мухьэмэд - а къудамэм и тхьэмадэу зэрагъэувам къегъэлъагъуэ хамэщI адыгэхэм пыщIэныгъэ хуаIэным ирату щыта мыхьэнэр зыхуэдэр. Мэлбахъуэ Тимборэ цIыху Iущт, адыгэгу кIуэцIылъти, къэралышхуэм и политикэр нэсу зэригъэзащIэм къыдэкIуэу, игурэ и псэрэ етауэ елэжьащ илъэсищэ лъандэрэ зэлъэмыIэсыжыфу икъухьауэ псэуа адыгэхэр зэрызэпищIэжыным. А лъэхъэнэм Налшык къыщызэIуахауэ щыта «Хэку» жылагъуэ зэгухьэныгъэм «иукъуэдия лъэмыжым» япэу ирикIуащ ШэджыхьэщIэ Мухьэмэдрэ КIэрэф Къамболэтрэ. 1965 гъэм а тIур Сирием накIуэри, хамэщI адыгэ хэм пщIыхьэпIэу ялъагъу адэжь хэкур нахуапIэу зэрыщыIэр я фIэщ ящIат.

Абыхэм къыджаIэ хъыбархэм нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми ди нэпсхэр кърнгъакIуэрт, ауэ псалъэ дахэм деж къыщагъэнакъым Iуэхур. Ахэращ хамэщI щыIэ ди щIалэгъуалэр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щегъэджэныр зэтезыублар. СССР-м хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми адыгэ псоми яхуэгъэзауэ лъэпкъ политикэ зэриIам щыхьэт техъуэ Iуэ хугъуэхэр мащIэкъым. Апхуэдэу Москва радиом хьэрыпыбзэкIэ игъэхьэзыр (редакторыр Бэч Козеттэт) нэтынхэм хэту тхьэмахуэм зэ адыгэ уэрэдхэр, пшыналъэхэр, хэкум ис шэрджэсхэм я щэнхабзэ ехъулIэныгъэхэм ят еухуа хъыбархэр къату щытащ. Къэрал абрагъуэм щыуагъэшхуэ гуэрхэр ищIами, IуэхуфI куэди зэфIигъэкIащ.

ЦIЫХУМ ФIЫЩIЭР щыгъупщэн хуэмейми, апхуэдизым я щхьэфэ дыщIиIэбэр совет лъэхъэнэмрэ «Хэку» жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ дащытхъун папщIэкъым. АтIэ блэкIа лIэщIыгъуэм и кIэуххэм хэкум хуиту укъихьэж щыхъум унагъуэуи я щхьэ закъуэуи зыкъаIэтурэ, ди цIыхухэр щэ бжыгъэкIэ къэкIуэжыным щхьэусыгъуэ хуэхъуахэр къыдгурыIуэжын папщIэщ. А зэманым щыIакъым нобэ лъэпощхьэпоушхуэу ягъэув визэ, «вид на жительство» жыхуэтIэ Iуэхухэри, псори щIэх дыдэу зэфIэкIырт. Хэхэс адыгэхэр хэкум къэкIуэжыным тезыгъэгушхуар щхьэусыгъуэ зыбжанэу зэхэлът. Абыхэм яхуэгъэзауэ зэхалъхьа къэрал хабзэхэр 1965 гъэм гъэзэщIэн щIадзэри, 1990 гъэм нэсыху хьарзынэу екIуэкIащ. Сирием зы адыгэ унагъуэ щыпсэууэ къыщIэкIынукъым, хэкум и гугъу щамыщIу е и фэеплъ гуэр щамыхъумэу. КъэкIуэжу адэжь щIыналъэр зыхуэдэр зрагъэлъагъунуи Iэмалхэр яIэт. Абы къыхэкIыуи, къызыхыхьэжынур зыхуэдэм фIыуэ щыгъуазэхэт. Сириемрэ Иорданымрэ щыпсэу, адыгэ унагъуэ зыщIэс унэм фIэкIа ямыIэми, ар ящэмэ, Налшык псэупIэ, машинэ къыщащэхунурэ, лэжьапIэ гуэри зэрагъэпэщыжыфынут. ЦIыхур унагъуэу тIысыжа нэужь, япэ илъэсхэм, пенсэ кърaтми, хэхъуапIэ гуэр иIэми, псалъэм папщIэ, доллар 50 хуэдиз мазэм къыIэрыхьамэ, абыкIэ псэуфырт. Арат тегушхуэу зэрыунагъуэу зыкъаIэтурэ къыщIэкIуэжри.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Iуэхур апхуэдэу куэдрэ екIуэкIакъым. Къэралыр «бэзэр экономикэм» хуэкIуэрти, псэукIэм махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу зихъуэжырт, уасэхэм хэхъуэрт. Арати, пенсэ е улахуэ пыухыкIа фIэкIа къызыIэрымыхьэхэм, хэкум щекIуэкI гъащIэм хэмызэгъэжыфахэм ягъэзэжу щIадзащ. ПцIыупсрэ тхьэгъэпцIрэ зыхэмыт щыIэ?! «А зы щIалэр фIымэ - сэ схурикъунщ, Iеймэ - лъэпкъым тхурикъунущ», - жиIэгъат Къэзанокъуэ Жэбагъы. Иужьрейм хуэдэ зы щIалэкъым къэкIуэжахэм къытхэкIар. Апхуэдэхэм зэхагъэзэрыхьахэм я гугъу тщIыркъым, кIыхьлIыхь зедмыгъэщIын щхьэкIэ.

ХамэщI адыгэхэм я къэкIуэжыныр къэзылъахъэр ОВИР-м и закъуэу щытамэ, ар зэфIэхыгъуей хъунтэкъым. Псори къыщежьэр экономикэм и дежщ. ХамэщI адыгэхэм я процент 90-р къызэрыгуэкI унагъуэхэщ, мылъкушхуэ ябгъэдэлъкъым икIи ахэращ нэхъыбэу къэкIуэжыну хуейхэр, хэкумкIэ зи гур къэгъэзахэр. Илъэс зыбжанэ хъуауэ ди лъахэм щыIэ унэ уасэхэмрэ ику иту упсэуным текIуадэм кIуэ пэтми зэрыхэхъуэмрэ къыхэкIыу ахэр зэрыунагъуэу къэкIуэжыным я гугъэр хахыжащ. АбыкIэ губгъэн яхуэпщIу, «Хэкум хуеижкъым» жыпIэныр щыуагъэщ. Сыту жыпIэмэ, псалъэм папщIэ, Дамаск къалэ дэт унэхэращ Сирием щынэхъ лъапIэ дыдэхэри, ар зыщэу къэкIуэжым Налшык унэ къыщищэхужыфынуми аращ.

ХамэщI адыгэхэм ящыщу унагъуэу къэкIуэжыфынухэр мащIэ дыдэ хъуами, щIалэгъуалэу хэкумкIэ къаплъэр куэдкIэ нэхъыбэщ. Зыхуеджа IэщIагъэхэмкIэ лэжьапIэ ямыгъуэтми, абыхэм сыт хуэдэ Iуэхуми зыщадзейркъым, псом хуэмыдэу абыхэм я Iэзагъэр щагъэлъагъуэ унэхэр ухуэным, ахэр зэгъэпэщыжыным. Апхуэдэу хэкум къэкIуэж закъуэмэ, я зэфIэкI сыт хуэдэ IэнатIэми щагъэлъэгъуэфынущ. Сирием къикIа ди лъэпкъэгъухэу КъБКъУ-м щеджэхэр хэкум къинэжыным зэрыхущIэкъум къегъэлъагъуэ адэжь щIыналъэм и къуэпсыр зэрыбыдэр.

УФ-м и Правительствэм игъэхьэзыращ хамэщI щыпсэухэр хэкум къишэжынымкIэ программэ щхьэхуэхэр. Я щIыналъэм кърашэжахэр лэжьапIэкIи псэупIэкIи къызэрагъэпэщынущ. ЗэрыжаIэмкIэ, абы ди республикэри хыхьэнущ. Къапщтэмэ, ди къэралым ис лъэпкъхэм ящыщу дуней псом щызэбгрыдзауэ псэухэм бжыгъэкIэ урысхэм къакIэлъыкIуэр адыгэхэрщ. Ауэ мыщафэ Iэрымылъхьэм гуащэр щызыгъэгугъам ещхьу, ди щIалэгъуалэм гугъэ нэпцIхэр едгъэщIрэ, абыхэм я щхьэцыр къетхъухыху зыри яхуэдмыщIэфмэ, дауэ хъуну?

КЪЭКIУЭЖАХЭМ я махуэшхуэр лъапIэщ, мыухыж насыпрэ ехъулIэныгъэрэ ди лъэпкъым къыхудэкIуэну Тхьэшхуэм долъэIу. Нобэ хуэдэ махуэм гукъанэрэ гукъеуэ зыхэлърэ яIуатэ хабзэкъым.

Ауэ зы щIызгъужыну сыхуейщ: игъуэ хъуащ адэжь щIыналъэм къихьэжахэмрэ къэкIуэжынухэмрэ яхуэгъэзауэ жытIэ псалъэ дыгъэлхэр дгъэмащIэу, ди лъэпкъым и къэкIуэнум папщIэ зы чырбыш нэхъ мыхъуми дгъэтIылъыну.



Къумыкъу Мамдухь

КЪУМЫКЪУ Мамдухь,
КъБКъУ-м и егъэджакIуэ, Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт.

Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

ИстамбылакIуэ.
Сурэтыр Аурельджи *ищIащ*. 1864 гъэ

Хабзэр япожьэ

Адыгэ лъэпкъым и гупсысэр и гъащIэм нэхърэ нэхъ хьэлъэ хъуащ жыпIэмэ, пцIы бупсынуи къыщIэкIынкъым. Дуней псом щикъухьа хъуа лъэпкъым и Iыхьэ мащIэ дыдэщ Хэкужьым къинари, малъхъэдисыр бгъэщащэмэ Iыхьэ жыгъей къэнам гуэуда Iыхьэшхуэр зыщIишэн зэрыхузэфIэмыкIым хуэдэщ ди Iуэхур. Махуэм и зы гупсысэ хьэлъэ къытхуигъэщIурэ догъуэгурыкIуэ. НаIуэщ лъэпкъыр зы хъужыным и Iуэхур дыщыпсэу къэралым и Iизыншэу зэрызэфIэмыкIынур. Абы теухуауэ къыхалъхьари жаIари мащIэкъым. Нобэ фи пащхьэ итлъхьэну дыхуейщ а Iуэхум теухуауэ къэралым къищта унафэр. Ар 2006 гъэм къащтауэ щыта «Государственная программа по оказанию содействия добровольному переселению в Российскую Федерацию соотечественников, проживающих за рубежом» жыхуиIэрщ. Лъэпкъым и Iуэхум щIэгупсысхэм я дежкIэ, дауи, мы тхылъыр аргуэру зы гупсысэгъэущщ. Абы къыдэкIуэуи, гугъэ нэпцIыр псэгъэкIуэдщ жыхуиIэу, дэрэжэгъуэ хэIэтыкIахэр зыми едгъэщIыну дыхуейкъым. Къэралым и хэгъуэгухэм а программэр къазэрыщыхъуам, сэбэпуи ныкъусаныгъэуи иIэу къалъытэр фи пащхьэ итлъхьэну дыхуейщ.

БА ДЗЭУЭГЪУЭМ и 15-м Урысей Федерацэм и Правительствэм къищта Унафэм егъэбелджылы зи гугъу тщIа программэм хиубыдэну хуейхэм свидетельствэ къызэрыратыну щIыкIэр. Урысейм Iэпхъуэшапхъуэ Iу эхухэмкIэ (ФМС) и IуэхущIапIэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, къэралым къихьэжауэ, программэм хиубыдэну хуейуэ заявленэ зыта нэрыбгэ бжыгъэр нобэкIэ мин 29-м нэсащ. ЦIыху къэс и щхьэкIэ, и унагъуэкIэ щыпсэуну хуей щIыпIэр къыхихыну хуитщ, ауэ зи гугъу тщIы программэм хэгъуэгу псори зэкIэ хыхьакъым, Къэрал программэр щIыналъэхэм езыхэм я Iуэху зытетым елъытауэ зэпкърахыу, хабзэу теувэнымкIэ заIэжьэну хуит ищIу УФ-м и Президентым 2009 гъэм къищтауэ щыта Унафэ №716-р я тегъэщIапIэу. НобэкIэ программэм хэтщ Центральнэ, Ищхъэрэ-КъухьэпIэ, Приволжскэ, Сыбыр, КъуэкIыпIэ Жыжьэ Федеральнэ округхэр. Языныкъуэ щIыналъэхэм зыщIаIэжьэм и зы щхьэусыгъуэщ кризисыр къазэрытехьэлъэр. ЦIыху бжыгъэ уи щIыналъэм къибгъэтIысхьэу зыхуей-зыхуэфIкIэ уадэIэпыкъун папщIэ, хэгъуэгум зиужьу щытын хуейщ.

Абы къыдэкIуэу, ФМС-р хэгъуэгухэм ядолажьэ хамэ щIыналъэ щыпсэу и цIыхухэр къешэлIэжыным теухуа программэм хыхьэхэр нэхъыбэ щIыным теухуауэ. Езы программэми зэхъуэкIыныгъэ пыухыкIахэр егъуэт. Псалъэм папщIэ, Хэгъуэгухэм зегъэужьынымкIэ и министерствэм и сайтым иджыблагъэ наIу э щащIащ УФ-м и Президентым и унафэм и проект. Абы къегъэлъагъуэ программэм ехьэлIа Iуэху еплъыкIэщIэ. Псалъэм папщIэ, программэр зэман хэхам тещIыхьа мыхъу у, ар зэпымыууэ лажьэмэ зэрынэхъ тэмэмым, хэкум къихьэжынухэм дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъуну щIыкIэхэр егъэфIэкIуэным теухуа Iуэху еплъыкIэхэр итщ.

Мы зэманым ФМС-м щагъэхьэзыращ хэкум къихьэжхэм налогхэр къатемыхьэлъэу щIыным, теухуа унафэхэм я проектхэр. Абыхэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, къэIэпхъуэжхэм къэралым ятрилъхьэ налогыр процент 30-м кърнгъэхыу процент 13-м нигъэсын и гугъэщ. Апхуэдэу ягъэмэщIа налогым пIалъэ имыIэу, Хэку м къихьэжар ди къэралым щыпсэухуи нэхъыбэ ямыщIыжыну егъэбелджылы проектым. Апхуэдэуи, зыщыпсэуну щIыпIэм деж щыхатхэкIэ, госпошлинэ ямытынри нэхъ яфIэтэмэмщ унафэм и проектыр зыгъэхьэзырахэм.

- Къэралым къихьэж ди хэкуэгъухэр мылъкукIэ нэгъэсауэ зэтегъэпсыхьауэ, зыми хуэмыныкъуэу щыткъым. Я Iуэхухэр зэтеувэху щыпсэун унэ яIэн хуейщ. Ди хэкуэгъу къэкIуэжхэр иджы апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэкIэ къытщыгугъ хъунущ. Апхуэдэ гукъеуэхэмкIэ узыбгъэдыхьэнухэри гъэбелджылауэ щытщ. Зи гугъу тщIы Къэрал программэр хэгъуэгухэм езыхэм ятегъэпсыхьауэ нэхъ убгъуа ящIыж. Программэм узэрыхэтымкIэ свидетельствэр къыдэпхынри кIыхьлIыхь хъункIэ Iэмал иIэкъым - хабзэм къигъэув тхылъхэр зыхуей хуэзэу зэбгъэпщрэ къэрал къулыкъухэм яптамэ, махуэ 60-м и кIуэцIкIэ свидетельствэр къуатынущ, - жиIащ ФМС-м и унафэщIым и къуэдзэ, милицэм и генерал-лейтенант Тюркин Михаил.

Пэжщ, программэм и IуэхукIэ псори зэIубзу щыткъым. ЗыхуэныкъуэмрэIэмалу яIэмрэ зэпалъыта нэужь, хэгъуэгухэр программэм хуэмыхьэзыру къыщыщIэкIи мэхъу. Ауэ программэр лэжьэныр хэгъуэгум и зыужьыныгъэм е и зэфIэкIым сыткIи елъытауи жыпIэ хъунукъым. Псалъэм папщIэ, Тэтэрст ан, Башкортостан республикэхэр программэм хэмыхьэу зызыIэжьэхэм яхэтщ, къэралым и щIыналъэ нэхъ зызыужьхэм ящыщми. Хэкум къэзыгъэзэжыну хущIэкъуа нэрыбгэ зыбжанэ щыхущIегъуэжаи къэхъуащ, тхылъ зэхуэхьэсыныр, административнэ зилъэфыхьыныгъэм и гугъуехьхэр къатехьэлъэ у. Ауэ ахэр псори IуэхущIэ ирагъэжьам и кIапэ нэмыгъэса къудейщ. Апхуэдэ гукъеуэхэр зэригъэкIуэдыным ФМС-р и ужь итщ. Хуэм-хуэмурэ программэщIэри хабзэ хэхахэм лъэ быдэкIэ тоувэ.

IуэхущIэ ирагъэжьар псыпэ цIыкIу зэхэлъадэхэм ещхьщ - хуэм-хуэмурэ зы псышхуэу зеукъуэдий. ИкIи шэчыншэщ, нобэ гугъуехь пыщIауэрэ ежьами, а Iуэхум дяпэкIэ зэрызиубгъунур. Хэгъуэгу, республикэ дыщыпсэум программэм ехьэлIауэ иригъэкIуэкIыну лэжьыгъэр лъэпкъыр а Iуэхум зэрыхущытынум куэдкIэ елъытащ. Къэрал псом зызыхуагъэхьэзыр псышхуэ къэкIуэнум лъэпкъыр дызэрытехьэну кхъухьыр и зэманым дымыгъэхьэзырмэ, дытхьэусыхэу псы Iуфэм дыкъыIунэнущ. Абы нобэ дегупсысын хуейщ.

Зыгъэхьэзырар
БЕМЫРЗЭ Зурабщ.
Черкесск къалэ.

Хэкупсэ адыгэхэр

Цlагъуэ Нурий, *уэзщlакlуэ. (Къэбэрдей)*

КlэрашэТембот, *тхакlуэ. (Адыгей)*



Сэмгугъу Iэмин, *жылагъуэ лэжьакlуэ. (Сирие)*

Кlыщокъуэ Алим, *тхакlуэ. (КъБР)*

Бэчыжь Лейлэ, *профессор. (КъШР)*

Хьэбжьокъуэ Маждэ, *егъэджакlуэ. (США)*

Едыджхэрэ Бэшкlурхэрэ я къуэпсым зешэщlыж

Бэшкlур Наринэрэ Едыдж Едыджрэ я гъащlэ гъуэгур зы зэрашрэ махуэ бжыгъэщ зэрыхьуар - бадзэуэгъуэм и 17-м абыхэм я нэчыхьыр ятхащ нысашэ дахэ иращlэкlыщ. Псэгъу зэхуэхьуа ныбжьыщlтlыр кушалъхуа унагъуэхэр кушlауэ зэрыlыгъщ, зэкlэльокlуэ, зэрогъэныбжьэгъу. Лlэщыгъуэ блэкlам и 90 гъэхэм я гъащlэзэхэм Хэкум бэкlкlуэжа ди лъэпкьэгъуэхэм ящыщы адзэжь лъхэр зэрыгъэтыжу иджы благъэ зэхуэхьужа Едыджхэрэ (Тыркум къкlыжащ) Бэшкlурхэр зэрэ (Сирием щыпсэуащ).

Едыджрэ Наринэрэ

БЭШКlУРХЭ Талатрэ Азизэрэ (ар Лъэкlампlашэхэ япхъущ) я бынхэр (щlалитlрэ хьыджэбзитlрэ) кьыздашэжри Хэкум кьэкlуэжащ, 1905 гъэм я адэщхуэхэр зыдэкlауэ щыта Шэджэм къуажэм дэтlысхьэжащ, лъапсэ щыэрагъэгъуэтыжащ. Бэшкlурхэ я унагъуэм Наринэ и нысашэращ ялэ кьихьуари, бын гуфlэгъуэ зи щlэпсlаращ Талатрэ Азизэрэ абы ирогушхуэ. Наринэ КъБКъУ-м университетым и къудамэр кьиухащ, илъэс зыбжанэ хьуауэ университетым и ректоратым щолажьэ. Абы и дзэлухэзрэ я шыпхъурри Налшык щlэныгъэ щыэрагъэгъуэтар, кьыз эрыкlуэжам хуцlегъуэжу Хэкум икlыжаи яэтхыкьым. Бэшкlурхэ я гугъу щытщlкlэ, кьыхэстъэщыпхъщ абыхэм Iуэхущlапlэр ильэс куэд хьуауэ зэрагъэлажьэр, щlыхуэхэр кьаухэрэзыуэ я Iэнатlэр кьызыхуэтыншэу зэрырахьэкlыр. ЖыпIэнуракъэ, Хэкум изэгъэжащ, мэлалъэ, мэщхэж.

Бэшкlурхэ малъхъэ яхуэхъуа щауэ я кьудамэр нэгъ хуэмыхуэкьым - Едыдж Нихьэи и кьуэ Едыдж Налшык дэт 14-нэ гимназиер дыщэ медалкlэ, КъБКъУ-м информатикэмкlэ и кьудамэр диплом плъыжькlэ кьиухащ, щlэныгъэу зригъэгъуэтар фlэмащlэу, аргуэру университетым щlэтlысхьэжри, юрист Iэщlагъэм хуеджащ, абы щыхьэт техьуэ дипломри «тху» защlэщ, еджапlэ нэхьыщхьэхэм щызекlуэ хабзэмкlэ, етlуанэрэи «плъыжьу» кьрамытами. Едыдж «Урысей зэкъуэт» урысейпсо партым, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Бахъсэн къудамэм и лъыкlуэу КъБР-м и Жыл гъуэ палатэм хэтщ. КъБКъУ-м информатикэмкlэ щрегъаджэ, а бынхэм кьыдэкlуэу, я унагъэм игъэлажьэ «Тамерис» шхапIэм и Iуэху зэрегъакlуэ. Едыдж и адэ-анэу Нихьаирэ Шукранрэ «я Iэгур я Iэнэгъуэ жьыуаIэм хуэдэу жумарту дунейм тетщ, я Iэдакъэщlэкlэ ерыскъы Iэфынкlэ куэдым ящыхуащи, «Тамерис» шхапIэ цыхуу кlуапIэщ.

Нихьаирэ Шукранрэ я щlалэ закъуэм (япхъу Тамерис унагъуэщ, зы щlалэрэ зы хьыджэбзэрэ иIэщ) нысэ кьахуи-шауэ яльагъуным щlэхьуэпсыпти, иджыблагъэ ар нахуапIэ хуащ - пшынауэмрэ Iэгуауэмрэ тракъутэу, зэрыубыда лъэпкьтым я дамыгъэхэр кьыщыгъэльэгъуа ныпхэмрэ адыгэ бэракъэмрэ кьащхьэщыту, тешанкlэ зэщIэщlакlэ кьаша пщащэм адыгэ нысашэм пыщlауэ кьалэт хабзэ дахэ псори иращlэкlащ. Германием, Сирием, Иорданым, Тыркум кьыкlауэ, Мейкъуапэ, Сочэ, Адыгэкъалэ щыщу хьэщlэ куэд дыдэ хэтащ Едыджхэ я нысашэу жэщитlмахуитlкlэ екlуэкlам, Iуфlэгъу я iэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрми гъунэгъу республикэхэми щыщlэрыlуэ уэрэджыкlауэхэу Сокъур Ольгэ, Льашэ Альберт, Хьэхъупащlэ Амырхьан, Кьуэдзокьуэ Оксанэ, «Шэрджэм псыкъельхэхэр» цыхубэ ансамблым, пшынауэ Бланэгъапщlэ Нар т. адыгэ я театрым и артистхэу Щэрмэт Людмилэ, Тхьэщыгъуей Жаннэ, Кlэхъмаку э ФатIимэ сымэ. Нысэр унэ щрашэм хьуэхьу дахэ хужиIащ цыхубэм фlыуэ я ятлагъу артисткlэ цlэрыlуэ Якъакlэмыхьу Кlунэ.

Унагъуэм бын кушlыхьуэкlэ, «кьишауэ, яшау э Тхьэм фигъэльагъу! - жаIэри цыхуэхэр мэхьуэхьуэ. Апхуэдэ зы махуэщ Едыджхэрэ Бэшкlурхэрэ зэпызыщlари, я благъагъэр кlыхь, махуэ хьуну, нэчыхь зыхуатха ныбжьыщlэ хэр насыпыфlэ зэ дзэьчу дэри дохьуэхэщу. Унагъуэщlэ кьышыуIэхуэкlэ сыт щыгъуи гуфlэгъуэщ, ауэ нобэ зи гугъу фхуэтщlащэм я Iуэхум нэхьыщхьэу икlи адрейхэм емыщхь зыщlу хэлъыр хэхэс гъащlэр кьызэранэжьыIуэ Хэкум кьэкlуэжахэм я бынхэм я кьуэпсхэр адэжь лъахэм зэрыхэжьэкlыжрщ.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Хэкупсэ адыгэхэр



Шэджыхьэщlэ Мухьэмэд, *политик, жылагъуэ лэжьакlуэ. (КъБР)*



МэмбашlэИсхьэкъ, *КъБР-м, КъШР-м, Адыгейм я щыхуэз тхакlуэ. (Адыгей)*

Джэрым Асльэн, *политик, жылагъуэ лэжьакlуэ. (Адыгей)*



Чурей Алий, *хеттолог. (ТыркуРеспубликэ)*

Нэхущ Iэдэм, *ЩIДАЛ-м и президент, профессор. (КъБР)*

Хьунэгу Надия, *усакlуэ. (Иордан)*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэр Щоджэнщlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым и актрисэ, КъБР-м щыхь зиIэ и артисткъ **Тхьэщыгуей Жаннэ** хуогузавэ абы и адэ **Тхьэщыгуей Назир Молэ и къуэр** зэрыlлам кьыхэжьыу.

ТАЛЪОСТЭН Нарт:

Хэкужьыр зыпэсщI щыIэкъым

Дуней псом щикъухьа ди лъэпкьэгъуэхэм ящыщ дэтхэнэми и гум щопсэу адэжь Хэкур - Кавказыр. Абыхэм лъахэм кьыхуаIэ лъагъуныгъэр инщ. Зи Iуэху дэкIхэми, кьызэрыгуэкI псэуакIуэхэми хамэ щIыналъэм я гур щагъэтIылъыркъым, я лъахэм кьыхуопабгъэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым къэзыгъэзэжу абы зи лъэр щыуныхьахэри щыIэщ, ауэ ахэр мащIэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Тыркум, Иорданым, Сирием нужьрей зэманым яхунIэ хъуа пщIэныгъэхэм а къэралхэм щыпсэу адыгэхэм гугъэфIхэр ирапх я адэжь щIыналъэм кьэкIуэжьнымкIэ.

Нобэ фэдгъэщIыхунщ и лъахэжьымкIэ къэхъуапсэхэм ящыщ Талъостэн Нарт.

Талъостэн Нарт

- НАРТ, зыкъэдбгъэцIыхуамэ ди гуапэт.

- Сэ илъэс и пэкIэ Сирием щысыкlыIэ, ауэ псэри си щадэжь хэкум щызгъэтIылъмэ, си гум зигъэнщIынт, жиIэрейт си анэм. Арати, сыкъэзылъхуам и хъуэпсапIэр нахуапIэ щысщIын мурадкlэ, си лэжьыгъэри кьызыдалъхуахэри къэзгъанэщ, си щхьэгъусэмрэ си хъыджэбз цIыкIуитIымрэ, си ныбжь хэкIуэта си анэр гъуэз сщIыри, Къэбэрдейм сыкъэкIуэжащ. Сэри сыхуейт Сабрина гъэ Iуиазэрэ я лъэр адэжь хэкум щагъэувыжыну, я лъэпкъым яхэсыхьыжу абыхэм ящыщу къэхъуну. Сыт хуэдэу уи Iуэху дэмыкIми, хамэ щIыналъэр зыщ, уи лъэпкъым и лъахэр нэгъэущщ.

- Нобэ егъэзыпIэ гуэр фиIэ, фи Iуэху дэкIрэ, фыкъызыхьыхьэжахэм фахэзэгъа?

- Си унагъуэм фэтэр кьыхуэсщтащ. Хьыджэбз цIыкIуитIыр езым я ныбжь школакIуэхэм яхэсыхьын, я бзэкIэ ядэхъун папщIэ схуэзэфIэкI кьэзгъэнакъым.

Илъэсищ пlалъэкlэ дыщыIэну хуит дызыщI тхылъ зыIэрыгъэхьащ. Иджы, етIуанэ илъэсым, лъахэм дыщыпсэну хуит дызыщI дэфтэрыр къеIысхьну яужь сихьати, лъэпощхьэпохэм сыIуущ. Уи тхыльхэр зэпэщу, республикэм и цIыхуу уэрэращытым и цIыхьт дэфтэрыр уимыIэмэ, лэжьыгъэ Iуэху зепхьэныр тыншкъым. ЗэфIэпхьэ Iуэхуэхэм текIуэдмэ, мыекъур, уэзэрыпсэунур дэнэ къызэдпхынур? ЗыгуэркIэ дохутыр Iуэхутхьэбзэ ухуей ди хъужыкъуэмэ, дэнэ щыIэ уи страховой полисыр?

Зыр адрейм кlэлъыкlуэу зыIууэ гугъуехьхэм зи гур щIигъэкIа Нарт и анэм, адэкIэ хуэмыхьыжу, кьызэриногъэ адрей и бынхэмрэ я Iыхьлыхэмрэ я деж Сирием игъэзэжащ. Ищхьэкlэ кьызэрыгъэдгъащащи, къэралым и цIыхуу укьилъытэху, абы ущатхыху гугъуехь куэд зэпыпчын хуейщ. Си чэзу Iуэхур щlэтIысхьэжыгъуэм ирихьэлIэу хуэзэфIэмыхмэ, Нарт и унагъуэм кьыпэплъэри иращ.

- Адэжь щIыналъэм и Iэфlыгъэм ди гъащIэр щыз ищIыну, ди псэм псэхугуэр щигъуэтыну дыгугъэу дыкъэкIуэжащ. Iэфатъ, гущlагъ тльэгъуакъым схужьIэнуж, ауэ гугъуехьхэр нэхъыбэщ. Уэыщыгуры мрэ узыIуэрэрэ щурэ льэсрэ я зэхуакуц. Сыт яжесIэнур сыкъызыхэкIкlэм я деж згъэзэжкlэ? - жеIэ Нарт икIи, зы Iэмал гуэр щыIэхъхэмэ, апхуэдиз льандэрэ псэм щигъэфIа, иджы льэкIэщlеувэха и щIыналъэм пщIэщIэ зищIынкъым.

- Нарт, щIэгъэкъуэдэIэпыкъуэгъу гуэр ныбы щывгъуэта, хьэмэрэ фи кьару закъуэкlэ гугъу-кьхъэм фапэщlэт?

- Гугъэр адэ щIэнщ, жиIакъэ пасэрейм. Иджыри ар псэм хэльъ, гум ильщ. Иджырей щытыкIэри ар къызыхэкI гугъуехьхэри кьыдгуроIуэ. Кьызэдгъэзэжа льэхэмрэ абы щыпсэухэмрэ дагуры Iуэмэ, дызэхащыкIмэ, Iуэхур дэкIынщ. Адэжь щIынальэм япэу нэIуасэ щысхуэхъуахэм ящыщщ зи адэр балъкъэр, зи анэр адыгэ Эндреев Мэгъэзалий. ФIыщIэ хуэощI ятпэ махуэм щыщIэдзауэ куэдкIэ зыкъыс-щIэзыгъакъуэ, кьуэш схуэхъуа, МышэкIэ сызэджэ Мэгъэзалий. Си Iуэхуэхэр адэкIи зэригъэкIуэтэфынуми щэч кьытесхьэркъым, ауэ, цIыхугъэ дэсльэгъуа заокъуэ жысIэу, зытезгъэжьалъэфынукъым.

ГугъэфIхэр епхрэр мурададфIхэм узэщIаIэтауэ укъокIуэжри, зы махуэм адрейр кlэлъыкIуэу узыIууэ льэпощхьэпохэм уи гур яхьэж, зыри пфIэмы-IэфIыжу. Сэри, си Iуэсу кьэзыгъэзэжа си ныбжьэгъуэхэри дыгуитIщхьитIщ, ауэ Iуэхум фIыкlэ зихъуэжыну, республикэм и унафэщIхэм ди Iуэхум гулъытэ нэс хуащIыну догугъэ.

ЛъАХЭМ кьэзыгъэзэжахэм ящыщ зыбжанэм кьытхуаIуэтащ зыIууэ гугъуехьхэр, а псори кьызэрянэкIын папщIэ ди унафэщIхэм, я лъахэгъуэхэм эращыгугъри кьыхагъэщащ. Ахэр лэжьыгъэм пимыкIуэт, еш зимыIэ цIыху жыджэрхэщ. Лъахэм щетIысэхьжыну хуит зыщI дэфтэрхэр тыншу кьыдахIафтэмэ, дэIэпыкъуэгъу хуэмыгъэ я щхьэ Iуэху зэрахуэжьфынут.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ЕЛГЪЭР Кашиф

Махуэшхуэ

Си къуэрылъхум ипхъу
Бозий Линэ щыкlу хуэотх

Илъесищ зи ныбжьыр хъуа
Линэ щыкIум зыкъорех:
Щыгъынышщlэу ныэу хъуар
Я фlэдзапlэхэм къыфIех.
Зыр щетlагъэ. Зыр щехыж,
Хэплъыхьищэ ищIу - дар
Щитlэгъами, нэхъ дахэж
Щlохъуки и Махуэшхуэм ар.
Сыноплъ аури, Линэ щыкIу,
Уи дахагъым хъуну пэщI
Фащэ хуэдыфыну щыху
Дуненшхуэм темыт сфIощI.
Сыту жьпIэм, уи щыгъын
Псоми уи псэм, уи бзэм щыщ
СфIощI яхэплъхэу - къопсэльэн
Къудей ахэр зыщIри уэрэщ.

Редактор нэхъыщхьэхэр:
ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд *("Адыгэ псалъэ")*
ДЕРБЭ Тимур *("Адыгэ макъ")*
ТХЬЭГЪЭПСЭУ Уэжыкьуэ *("Черкес хэку")*

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цlэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цlэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цlэр зезыхьэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэзэжащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 22.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 10.875
Заказ №2144

Абы дегъэпIейтей

Псомкlи щыхьэтщ Iуащхьэмахуэ

Лыкlуэжь Нелли

ХЭТ ИЩIЭНТ дыгъэ-мазэм я бину зыкъзыпытэж адыгэхэм ди тхыдэм и зэгуэгъэзыпIэ хьI ФIыщIэр яхуэхьуну. УэзщIимыIулIэнкIэ Iэмал зимыIэ гупсысэщ ар, ауэ... Блэкlам и дерсхэр нобэ тщыгъупщэ зэрымыхьуйм ещхьу, пщрдейм гугъапIэ нэхурэ Iуэхущlафэ захуэкIэрэ дыхуэмыхьуапсэу хъункъым. Дэтхэнэ лъэпкьми и кIуэдыр кьызыхэкlым щыщу кьыщохьу цIыхур и анэдолъхубзэмкlэ мыпсэлъэжьынкъ. Ярби, Тхъэпхуэм къыбдилъхуа бзэр абы зэхыумыгъэхьжмэ, ущыгъупщэжу е гулытэ кьыпхуимыщIыж хъууэ арауэ пIэрэ? Къапщтэмэ, адыгэбзэкIэ мыпсэлъэжу цIыху дапщэ дунейм тет?.. Си фIэщ мэхъу бзэм щIэлъ щэхур цIыхум къихутэфмэ, дунейм и щхьэтепхьуэр езыр-езыру текIуэтыну.

ЦIыхур кьызыхэкIа лъэпкъыр адрейхэм яхэдэу кьыхихыркъым. Ар мыхьэнэншэу щытауэ уи фIэщ щыхьуа махуэми уи къэкIуэнум и кIэм уиплъауэ араща.

Мы дунейм теткъым цIыхум и акьылыр зыщхьэдэмыхауэ кьилъытэж, лIэныгъэм щхьэпрыплъыфырыкъым ар мыхьумэ. Ауэ щыхьуки, зауэ хэмытуэрыпсэуи акъыл кьыдыкъуэжыркъым. Кlыхьэр-кlэщlым, цIыхум щIыр егуэш, метрит I нэхъ кьылъымысыжьын пэтми. Ари къыуигъэщтэжынщ фIэщхьуныгъэм иращlэкI зауэм епльытмэ. ЗэрыгурыIуэгъэщи, цIыхум и фIэщ хьум щхьэкlэ зэи зыгуэрым езэуэнукьым. Залымыгъэрщ дэтхэнэ зауэми и къызэщIэгъэстакIуэр.

Урыс-Кавказ зауэм, си ныбжьым, сыт хужьыIэфын? Ар кьыщежьамрэ сэрэ ди яку зы лIэщlыгъуэкьым дэлъыр. Дауэрэ тхьдэр теIущlыкlыпIэ сымыщIми, сэ абы сызэрытепсэльыхьфынур гъуэгуанэм.

Псом нэхърэ псэм нэхъ кьехуэбылIэр гъатхэ макъамэ хуабэ щIэту хэку щIалэм и ижьы щIэзэхпхьи и дежщ.

ЦIыхум акъыл, бзум дамэ кьыщIритыр льагъу заIэтын щхьэкIэщ, жаIэ. Сыт хуэдэ зэманми цIыхур уафэм хущIокъу, абы нэхъ пэгъунэгъым пщIэ лей хуещI. Апхуэдэщ, адыгэхэм щхьэкlэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ, метр 5642-рэ зи льагагъ Iуащхьэмахуэ.

Хы фIыщIэмрэ Хьэзэр хымрэ зи цей хужь кьуащIэр хэзыльафэ бгы уардэм и щхьэм цIыхум и льэр куэдрэ хунэхуса кьым, ауэ абы хьыбар гъэщIэгъуэн Iэджэ хуэзхильхащ. Яэынькьуэхэр дигу кьдгъэкIыжьынщ. МафIэ зимыIэу гугъу ехь цIыхухэм дэп Iэрыдэ кьахуигъэхьэзырахэмкlэ Тхьэ-дыгъэр Библиекъыкlэльыкlуэ щыщыта зэманым Тхьэ-дыгъэр мелыбыи игъакIуэри, жьыхьэнмэм зы маскIэ цIыкIу кьыхригъэхри, ар дунейм кьыдригъэхьеящ, жи. Ар Iуащхьэмахуэ и щыгу тралъхэри, мелыбычхэр кIуэри цIыхухэм жраIащ: "МафIэ кьыфхуэтхьауэ Iуащхьэмахуэ телъщи, фыкIуи кьэвгъэсэбэп", - жаIэри. ЦIыхухэр гуфIэу зэрыхьа щхьэкIэ, маскIи хъуаскIи щыIэжтэкъым. Мывэ кьуршыр пхисыкIри, жьыхьэнмэм кIуэжат маскIэр. Абы льандэрэ Iуащхьэмахуэ и щхьэр дыкъуакъэщ, жи хьыбарым.

Лъэпкъым фIыуэ и льагъу бгым сыт кьыхуимыгупсыси, абы акъылыщхуэ хэлъу, гъэсэныгъэм хэлажьэу щыгущ.

ШЭЧ хэлъкъым цIыхур Iуащхьэмахуэ дэкIыну щIэхьэпсэу зэрыщытам. Ар кьащхьэлIари 1829 гъэращ. Инэрал Эммануэль и экспедицэм хэта Хьэшыр Чыларщ а гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м Iуащхьэмахуэ щыгум дэкIыфар.

Нэмыцэ зэрыпхьуакIуэхэр ди щыпIэм кьызэрихьэу, епIэщIэкIауэ щытащ Iуащхьэмахуэ текIуэныгъэ нып щаIэтыну. Ар иджы хьыбартэкъым, Iуащхьэ мыщхьэпэт армыхьуамэ, Бэхущ Iэмыщэ хэ ирагъэIыгъакъым гъэрэщIа Iуащхьэмахуэр. Мазаем и 17-м 1943 гъэм ди алыпинистхэм, бийм я ныпыр кьрадзыхьжри, СССР-м и къэрал ныпыр щыхатIэжауэ щытащ.

Зауэ зэманым абы и закъуэкъым Iуащхьэмахуэ кьращIэну зыхэтар. МафIэгу щхьэхуэкIэ ди щIыпIэм кьакIуауэ щытащ Берие, абы и къуэдзэхуэ инэрал-полковник Кобулов, армэм и инэрал Серов, канцелярием и унафэщI Мамулов сымэ, «щIыхубэм я адэм» и унафэр ягъэзэщIэну. А зэманым партым и обкомым и секретару щыта КIымыхьу Зубер зэритхъыкьыкlэ, Берие хъуанэбзэу ищIэр, и бзэм кьыкьыр Къэбэрдейм кьытгрилъуанщIэри, «Iуащхьэмахуэ абы и куэдхэри Куржым ефтыну арэзы фыкъуэ», - къыжриIауэ щытащ. «Фыкъыдогъэгугъэ, - жиIэрт абы, - Есэнтlыгу, Псыхуэ бэ, Железноводск, Шэрджэсыр Къэбэрдейм кьывгъэдгъэхьэну». Арцхьэкlэ ди насыпI Iуащхьэр ятын ядакъым...

Iуащхьэмахуэ бзэ Iурылъу, псэльэфу щытамэ, илъэсищэрэ пlIыщIкlэ псыуэ кьыкIэщIэжам нэпсу дапхуэдизэхтами кьытхуиIуэтэнт. СщIэркъым, дыкъэзызуахэм я щIэ кьисIуэу я псэ залымхэр кьэзгъэушыжарэт жьсIэркъым. Ди цIыху хэкIуэдахэм я хьэдэ сурэтхэм утепсэльыхьжкlи сыт кьихьыжьын.

УсакIуэм сатыр зыбжанэкIэ кьиIуэтащ къэхъуар:

Кьыптекlуэр Iуэхукъэ,
и къарур и фIыщIэу,
Укьизэнчыр пщыкIтеувжынщ.
ИужькIэ, и льэщагъым ухущыщIэу,
Iэр хэушияуэ, жьыигъэIэжынщ.

Iуащхьэмахуэ псомкIи щыхьэтщ. Ар гум ещхьу кьоуэ. Лъэпкъым и Iэпкъльэпкъ пщыкIутIри льынтхэу кьуэпскIэ зэпыщIауэ иIыгъщи, дэнэ щIыпIэ щыIэ адыгэри и зэхуэдэщ. Хамэ кьэралу Тыркум, Сирием, Иорданым, Мысырым, США-м, Ливием, Германием, Сербием, Австралием, Ливаным, Голландием, Израилым щыпсэу адыгэхэм я нэхъыбаIэм хэкур я нэгу кьызэрыщIагъэхьэфыр Iуащхьэмахуэ и теплъэмкIэщ.

Демократиемрэ интернетымрэ я къарур ещхьу кьоуэ. Лъэпкъым и Iэпкъльэпкъ пщыкIутIри льынтхэу кьуэпскIэ зэпыщIауэ иIыгъщи, дэнэ щIыпIэ щыIэ адыгэри и зэхуэдэщ. Хамэ кьэралу Тыркум, Сирием, Иорданым, Мысырым, США-м, Ливием, Германием, Сербием, Австралием, Ливаным, Голландием, Израилым щыпсэу адыгэхэм я нэхъыбаIэм хэкур я нэгу кьызэрыщIагъэхьэфыр Iуащхьэмахуэ и теплъэмкIэщ.

ЛЫКlУЭЖЬ Нелли,
тхакlуэ.
Налшык къалэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэр Щоджэнщlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым и актрисэ, КъБР-м щыхь зиIэ и артисткъ **Тхьэщыгуей Жаннэ** хуогузавэ абы и адэ **Тхьэщыгуей Назир Молэ и къуэр** зэрыlлам кьыхэжьыу.